

ABSOLI

62-1230m

Branham Tabernacle, Jeffersonville, Indiana,  
U.S.A.

1 M byen kontan pou m isit la maten an, epi pou m tande egzòtasyon sa a, jis antan m ap vin sou lestrad la. Mwen ekskize m poutèt mwen an reta. Men te genyen malad dèyè a la deyò a, ak machin yo, anbilans, tankou, epi--epi mwen te oblije ede sila yo ki pa t kapab antre, ou wè, anvan mwen te kapab antre.

2 Kounye a, m ap mande m si sè ki te gen ti pitit la—la, si li pa ka retounen apremidi a. Mwen vle preche aswè a tou, si Seyè a vle. Si li pa ka retounen pou konsekrasyon an alò, pandan ke mwen te kanpe sitèlman anpil fwa sa

a, ebyen, di l, li ka pote ti bebe a kounye a. Men si li ka tounen, sa a, aswè a, li va yon ti kras pi bon pou nou. Men kite l fè kèlkeswa sa li ka fè, kèlkeswa sa li vle fè. Kidonk, si li pa ka retounen, nou pral mennen ti pitit la kounye a pou konsekrasyon an. Epi kounyeya, tout bagay sa yo, pandan m ap pale, si li vle vini kounye a, e sa se moman an.

3 Kounye a, aswè a, pral gen yon bagay trè espesyal, mwen—mwen vle pale sou sijè a aswè a, yon mesaj pwofetik: *Mesye, Èske Se Lè A?* Kifè, si Seyè a vle, mwen vle pale sou sijè sa aswè a. *Eske Se Lè A, Mesye?* Oswa, *Mesye, Èske Se Lè A?* pito. E alò, mwen vle pwofite opòtinite sa a, nan prezans legliz la. Se ke, gen anpil bagay ki pase diran kèk nan dènye jou yo, ki pwente nou vè yon—yon gwo bagay ke mwen pa konprann. Men nou, nou toujou...Chimen Bondye toujou depase lèzòm, kidonk nou jis oblije mache pa lafwa. Si yon moun te kapab eksplike Bondye, alò li pa t ap nesesè ankò pou

gen lafwa, paske ou—ou konnen lè sa a. Men nou jis mache pa lafwa.

4 E maten an, mwen te panse mwen ta eseye jis gen yon sèvis evanjelis regilye, paske, mwen on jan chanje panse m apre mwen te fin desann isit la epi m te wè anpil moun kanpe, epi yo t ap tann lontan. E alò, aswè a, petèt ap gen mwens moun isit la, e alò, mwen ka avanse ak sa mwen vle di.

5 Yon sèl bagay mwen ta renmen anonse, pandan ke anpil nan yo ansanm, anpil nan nou ansanm. Se yon bagay mwen te evite anonse depi de semèn ki sot pase yo. Se ke, priyè nou yo te egzose konsènan dosye taks mwen te genyen ak gouvènman an. Li regle. E kifè nou...Li—li fini kounye a. Kòm anpil nan nou konprann sa yo te genyen kont mwen se chèk sa yo ki te fèt pou kanpay la, e poutan yo te eseye di te gen pa m ladan yo. Epi yo te vle fè m peye twasan senkant mil dola ak yon rès dèyèl kòm si se te pwopriyete pèsonèl mwen, epi se

pa t sa. Se te pou kanpay la. E legliz la konnen sa. Nou tout nou konnen sa. Epi finalman yo rive kote ke...

6 Mwen pral jis ba ou yon ti deskripsyon sou sa ki te pase. Yo te pase prèske twa a senk ane, apeprè, prèske senk ane, mwen devine, sou zafè sa, epi nan ale tounen, ap analize karaktè l, ak tout bagay. Men mwen tèlman rekonesan ke yo pa t kapab jwenn anyen kont mwen, kidonk yo pa t kapab akize m pou sa. Kifè, pa t gen anyen pou yo te pote akizasyon, sèlman, yo te di, se jis inyorans pa mwen--mwen, mwen menm, mwen devine, paske mwen pa konnen anpil bagay sou lalwa. Yo te pote chèk yo ban mwen epi mwen te siyen yo, mete non m sou yo, mete yo nan kanpay la. Men alò, toutotan mwen te mete non mwen sou yo, yo te pou mwen, ou wè. Pa gen pwoblèm...Yo di: "Sa trè byen pou ou, konsa. Men yo te pou ou, epi apre sa ou remèt yo bay legliz la. Men osito ke w mete non ou sou li, li te pou ou, kèlkeswa pou sa yo te deziyen an. Yo te ekri pou ou." Kidonk...e si yo te mete

yo sou...yon moun te ekri sou li, "kado pèsonèl," li t ap byen. Men, yo jis ekri: "William Branham." Ou wè? Epi lè mwen mete non m sou li, se te fini. Se te tout. Konsa, yo te ... Epi finalman ak lapriyè ...

7 Epi alò sa pa gen lontan, ou konnen, yo... Mwen te gen vizyon ke yon gwo nonm, fonsè, nwa tankou lafimen, ak swi, ak kal sou li, tankou yon kayiman, ki t ap vini, ap deplase nan direksyon mwen, ak dwèt an fè. Mwen te gen yon ti kouto *konsa*. Epi yon afich te ekri sou li: "Gouvènman Etazini." E mwen pa t kapab fè anyen. Mwen te san sekou. Epi alò Seyè a te vin sou sèn nan, epi yo te venk li. E nou sonje mwen te di nou sa, depi lontan.

8 Epi yo te ofri yon konpwomi, lòt jou. Epi avoka mwen an, Mesye Orbison nan New Albany, ak Ice & Miller nan Indianapolis, sou dosye taks la, te rele m, epi li di m: "Desann." Epi mwen t ale, Frè Roberson ak mwen, ak madanm mwen, ak administratè legliz la isit la, ak nou

tout. Nou t ale. E yo te di nou ke yo te, gouvènman an, te vle fè konpwomi.

9 E mwen di: Si mwen dwe yon moun yon bagay, m ap peye yo. Men mwen fè sa ki mye. Men," mwen di: "Mwen pa dwe sa." E kifè mwen di: "Mwen—mwen...Se, onètman. Bondye konnen. E poukisa yo pa akize m, alò, si mwen koupab? Mwen di: "Yo te gen senk ane pou yo eseye fè l, men yo pa t kapab jwenn anyen pou fè l." Kifè mwen di: "Non, mwen refize. Mwen jis p ap peye l jiskaske yo pwouve ke mwen dwe l."

10 Epi avoka a fè m antre, li pale avè m, li di: "Kounye a, nou ka plede koz la. Gouvènman an pral plede li." Li di: "Lè yo fè sa, sèl bagay yo ka jwenn kont ou, se ke ou ..." Sa mwen, sa, fason mwen te fè li. Mwen pa t jis...

11 Mwen pa konnen anyen konsènan kontabilite, kidonk mwen te jis oblije fè sa jan mwen te panse ki te onèt. Epi li—li pat janm depoze labank sou non mwen. Li te toujou depoze labank sou non kanpay legliz la e latriye, ou wè,

kidonk pa t gen anyen ke mwen te kapab fè sou sa. E mwen...

12 Li di: "Ebyen, yo vle fè konpwomi, pou kenz mil dola, ak dis mil dola kòm amand." Epi frè avoka yo te kenz mil. Sa fè mwen karantmil. E kifè alò, yo vle senk an plis, mwen panse ke se sa kounye a. Kifè mwen t ale...

13 Mwen di: Ki kote nan monn lan mwen ta janm jwenn karant mil dola? Mwen di: "Ou konnen, kont labank mwen isit la, li di li gen apeprè san dola, oswa petèt mwens." Mwen di: "Ki kote mwen ta jwenn karant mil dola ak yon rès dèyèl?" Epi mwen di: "Mwen pa gen anyen pou bay pou garanti. Mwen jis pa genyen l. Se tou."

14 Epi li di: "Mesye Branham," li di, "Men sa li ye. "Si nou plede ka a," li di, "pa gen okenn dout sou sa ke nou ka genyen ka a." Li di: "Men men kisa. Nou ka genyen li, paske men sa mwen pral fè. Yo pral reklame tout sa se pou ou paske ou te siyen non ou sou li. Epi yo pral reklame li se pou ou, menm si li te depoze labank nan

non kanpay la, legliz, kanpay Branham, epi answit yon legliz.”

15 Epi pa yon fwa, yo pa t ka jwenn yon sèl santim mwen te janm depanse pou tèt mwen. Se laverite. Bondye konnen. Gen mesye yo ki chita isit la kounye a, ki te jis avè m tout tan. Pa t gen yon santim ke mwen te janm depanse pou tèt mwen. Se te tout pou Wayòm Bondye a, tout kote, chak chèk, tout lòt bagay.

16 Men, ou wè sa, men sa pa enpòtan. Li te—li te sipoze pou mwen, an premye, epi apre sa pou legliz la, kanpay la. Epi yo gen yon fason pou yo fè l, ou konnen, tout mwayen pou chape yo ka fè. Kifè alò mwen di: "Ebyen, mwen—mwen jis pa p ap fè l."

17 Epi li di: "Ebyen, si nou genyen pwosè a konsa, paske, m ap—m ap deklare yo 'kado pèsònèl'. Ou wè? Mwen pral deklare li, bay gouvènman an, 'kado pèsònèl.'" Epi li di: "Alò, lè m fè sa, tout sa ki plis pase dimil dola pral yon eritaj. E alò ou pral tounen ladann ankò, epi yo pral kenbe



w yon lòt senk ane, pou y ap tcheke yo tout." Ou wè? Lè ou ekri yon chèk, I ale nan chanm konpansasyon. Yo fotokopye I, yo fè yon kopi chèk sa. Natirèlman, mwen te gen tout chèk yo, tou, ki te pase la. Kifè yo di: "Se la yo pran w, drèt ankò."

18 Epi li di: "Yon lòt bagay, Mesye Branham, si w ta janm rele nan gouvènman an, konsa, anba yon investigasyon, kèlkeswa sa w ta janm fè, nan je piblik la, 'Ou se yon magouyè.' Ou wè? Men se tou."

19 Gade ti minis Batis sa a laba nan Misisipi, ti mesye sa a. Yon fanm di ke li te antre epi li te joure li. Epi nonm sa a te pote prèv ki soti toupatou nan peyi a ak tout kote, li pa t menm nan vil la, pou jou anvan, jou a, oswa jou apre a, nan yon pwèn ke jij la te vle li tounen kont fanm lan epi fè I pwosè pou difamasyon. Li di: "Kite I ale."

20 Epi lè yo te fè yon sondaj, atravè peyi a, ou konnen sa k te pase? Swasantkenz pousan nan pèp Ameriken an te di: "Kote ki gen lafimen, gen dife." Epi ti pòv sa a, osi

inosan ke mwenmenm mwen te ka ye, oswa nenpòt lòt moun, pral pote sa a pou rès jou li yo, alòske li pa t gen anyen ditou pou wè ak sa.

21 Pandan yon ti tan, mwen te santi m mal anpil lè m te panse m te mete lavi m nan Wayòm Bondye a, pou m te eseye fè, wè moun peye taks ou, fè bagay, fè sa ki byen, e fè moun ki kwòch vin onèt; epi yo mete m kanpe tankou mwen te yon magouyè, mwen menm. Mwen te panse: "Kisa nan mond lan mwen te fè?"

22 Epi alò sa vin nan lide m, epi mwen gade nan Bib la. Chak moun nan Bib la, pa gen okenn eksepsyon, ki te janm gen yon fonksyon espartyèl, si Satan pa t kapab pran yo sou plan moral oswa yon lòt bagay, gouvènman an te trape yo. Tounen drèt nan nenpòt kote ou vle, jiska: Moyiz, Danyèl, timoun Ebre yo, Jan Batis, Jezikri ki te mouri anba men gouvènè a, ak pèn kapital. Pòl, Pyè, Jak Legran, Jak Leminè, yo chak te mouri anba men gouvènman an.

23 Paske, se sa l ye, chak gouvènman, se syèj—syèj Satan. Jezi te di sa. Bib la di li. Ou wè? Chak gouvènman kontwole pa dyab la. Gen yon gouvènman k ap vini ki pral kontwole pa Kris, men sa se nan milenyòm lan. Men sa a, gouvènman sa yo kounye a, kèlkeswa jan nou panse yo byen, poutan, sou dèyè, y ap—y ap domine pa Satan. Li te di: “Wayòm sa yo se pou mwen. Mwen fè ak yo tou sa mwen vle. M ap ba Ou yo si Ou adore mwen.”

24 Jezi di: “Wete kò w devan M, Satan. W a adore Seyè a, se Li menm sèlman w a sèvi.”

25 Epi alò mwen te dekouraje. Madanm mwen ap koute m. Mwen te kontinye, mwen te di: “Non, mesye. Mwen, si mwen te dwe l, mwen t ap peye l. Mwen pa dwe li, epi mwen jis p ap peye l. Se tou.” Mwen di: “Kòman mwen ka peye l, de tout fason?”

26 Kifè, mwen t al lakay mwen. Mwen di: “Meda, lave figi timoun yo. Pare rad yo. Map deplase.” Mwen di: “Yo p ap menm...Tout bagay, jis tèt anba.”

27 Mwen di: "Kisa mwen fè? Di mwen." Mwen di: "Poutan, mwen menm, karant mil dola? Ouf! Ou pa reyalize sa sa vle di pou mwen."

Epi li antre, tankou yon bon ti madanm ta fè, li di...

Mwen di: "Mwen prale."

28 Li di: "Ou panse sa pral fè yon bon bagay? Ou te deja priye sou sa?"

29 Mwen te panse: "Oke, petèt mwen ta fè mye priye ankò." Mwen tounen antre. Li te sanble tankou Li te di m, yon Ekriti.

30 Toujou, nou vle gade Lekriti, kisa Bondye te fè sou sa, ou wè.

31 Epi yon jou, yo te mande L, nou konnen, yo t ap eseye—eseye akize Li devan gouvènman an. Yo di: "Èske li bon pou noumenm jwif ki lib yo bay Seza tribi oswa taks?"

Li di, "Ou gen yon pyès lajan?" Li di: "Ki moun enskripsyon ki sou li a?"

Li di: "Seza."

32 Li di: "Ebyen, bay Seza sa ki pou Seza. E a Bondye, bagay ki pou Bondye yo."

33 Mwen te panse ak sa. Mwen vire nan Bib la epi mwen li li. Mwen te panse: "Se vre, Seyè, se vre. Men, sa a pa pou Seza. Sa a te pou Ou. Se pat pou Seza. Si se te pou mwen, mwen t ap oblije peye plis taks oswa yon bagay, ebyen, sa t ap diferan, ke si li te pou Seza. Men sa a , sa se pou ou. Ou wè? E li pat—li pa t pou Seza, dabò."

34 Ou konnen, Li te toujou jwenn repons lan nan Pawòl la. Mwen jis li yon ti kras pi lwen, epi li di: "Tande, Simon, èske ou pa gen yon zen nan pòch ou?" Ou wè? "Ou toujou pote yon ti zen ak yon fisèl. E mwen jis fè yon depo maten an, nan yon bank pwason anba a la nan—nan rivyè a, ou konnen. Li di... "Mwen te fè yon depo, epi bankye a pral sètènman abandone sa li genyen. Jis

desann la epi jete zen an nan rivyè a. Epi lè ou leve bank lan, l'ouvri bouch li, ou wè, epi li pral—li pral bay pyès monnen an. Ann pa ofanse yo. Pa fè yo ofans. Ou wè? Al peye li, Simon. Se pral pou Mwen avè w."

35 Mwen panse: "Se vre, Bondye. Ou te gen bank pwason ak tout lòt bagay, atravè peyi a. Mwen pa konnen ki jan sa pral fèt."

36 Men nou t ale laba. Mwen te gen kèk frè isit la menm nan legliz la ki te soutni m, epi mwen te ranpli yon deklarasyon pou yon retrè, epi mwen te resevwa karant mil dola yo, epi mwen te peye li.

37 Mwen te tounen lakay mwen. Mwen te vle konnen kouman mwen te ekri chèk sa a, si yo ta janm tounen sou mwen ankò. Mwen di: "Sa vle di ke mwen lib de tout taks. Ebyen, yo ta mye fè andose sila, se sèten yo pral nan pwoblèm apre sa." Mwen te kontinye telefone, nan bank lan, pou wè si yo ta fè li.

Epi, finalman, Bob te di m, li di: "Billy, yo aksepte."

38 Mwen te antre, mwen pase bra m alantou madanm lan, mwen di: "Cheri, mwen lib." Ala yon santiman, pou w santi w lib!

39 Epi kifè mwen ka ranbouse l kounye a, yo te rann li vrèman fasil pou mwen. Mwen ka ranbouse l avèk kat mil dola pa ane. Koulye a, mwen pa ka flannen ankò, zanmi m yo. Mwen oblije soti epi al travay. Kifè mwen—mwen...Sa pran m dizan pou m ranbouse l. E si—si Jezi pa vini. Epi lè ke, lè Li vini, tout dèt yo tout ap regle lè sa a nenpòt kòman. Ou wè? Konsa, alò, konsa mwen—mwen espere ke nou tout...Priyè nou yo...Epi, aswè a, mwen pral kontinye ak yon bagay jis yon ti kras sou sa. Men lapriyè nou yo se sa ki te ede m. Mèsi anpil. Bondye beni nou. Kèlkeswa kote nou rive, mwen p ap janm bliye sa.

40 Aswè a, si Seyè a vle, mwen vle deklare kèk nan reyalite mwen konnen yo. Epi asire w ke ou vini. Koulye a, sonje: *Mèsye, Ki Lè Li Ye?*

41 Kounye a, nou pral...mwen kwè, yo gen yon orè konplè pou rès la...semèn sa a. E lendi swa se... Sèvis yo, aswè a, jodi a ak aswè a, epi lendi. Lendi swa se sèvis veye a. Epi—epi alò sa ba nou madi, Joudlan; si w abite andeyò vil la, ou ka tounen lakay ou.

42 Epi nou pral gen kèk bon minis isit la kounye a pou reyinyon sa a. Nou menm, yon gran gwoup ak bon oratè, e tout moun pral pale youn apre lòt, rive jiska minwi. Epi pafwa yo pran kominyon, si li nan pwogram la. Mwen pa konnen si y ap fè l fwa sa a, oswa non. Jis menm kote y ap kriye, epi rele, epi tire bal anlè, epi bwè, epi konpòte yo mal, nou pran kominyon an. Amèn. Kòmanse nouvo ane a byen, ak kominyon an. Kounye a, nou tout envite. E mwen espere ke, ou menm, Bondye ki nan syèl la pral ba ou yon opòtinite pou rete si ou kapab.

43 Kounye a, anvan nou pwoche bò kote Pawòl la, mwen vle di sa a tou, ke sètènman mwen remèsye legliz sa a, manm li yo, pou bèl kostim sa nou te achte pou mwen.



Mèsi anpil. Sa vle di anpil pou mwen. Tout kat nou yo ak bagay sa yo nan sezon Nwèl la—la—la, ak kado nou te voye bay fanmi an, e, o, mwen, mwen pat kapab konte yo. E anyen pa ka touche yon plas nan kè m konsa, pou m konnen ke li soti de nou. E konsa kèk nan nou te voye kado Nwèl yo pou mwen ak lajan.

44 Kèk ladan yo te voye kèk bagay konsa. Yon frè te voye yon bous pou mwen, e li te fè yo fè l avèk non m sou li. Yon ti bròch ke ou ka gade anndan l; li gen lapriyè Seyè a ladann. Epi, o, bagay konsa, li jis, se jis tankou yon trezò pou nou. Madanm mwen avè m, ak timoun yo vle di nou: "Mèsi, anpil." Sa sitèlman piti. Men mwen pral di sa a, sa a se pi gran mo mwen panse ke nenpòt moun ka di: "Bondye beni w." Pa gen anyen ki ta ka pi gran.

45 Kounyeya, a frè sa yo ki nan legliz la, ki te achte fizi sa a pou mwen, mwen—mwen mete kostim mwen an, men mwen—mwen pa t kapab pote fizi a nan legliz la. Men, se te...Yo vrèman ta gen yon bagay kont mwen lè

sa a, pa vre? Kifè mwen—mwen—mwen sètènman di nou mési, frè m yo. Epi m ta pral di non yo yon ti bout... Men youn nan frè yo te bò isit la yè, li di: "O, pa—pa—pa remèsye m, Frè Branham. Sa t ap jis retire tout plezi yo genyen." Ou wè? Kidonk mwen te panse petèt rès yo ta ka panse menm bagay la. Men mwen gen non nou. Yo te ekri l ak yon machin a tape. M ap toujou sonje sa. Se pou Seyè a beni nou anpil.

46 E nou konnen kisa mwen fè pou m detann mwen, epi se ale nan sal etid mwen an, m chita la, epi m reviv s ak te pase. Lè mwen vin tèlman sou tansyon, mwen pa ka ale pi lwen, alò mwen panse a kèk vwayaj lachas mwen te fè yon kote, oswa yon kote m t ale fè lapèch. Mwen apresye sa. Bondye beni nou.

47 Kounye a, èske nou ka bese tèt nou jis yon moman, pandan n ap pwoche Pawòl la. Mwen sèten gen rekèt isit la maten an, ki an two gran kantite pou mansyone yo jis kounye a. Kifè m ap mande, pandan nou gen tèt nou

bese, rekèt espesyal ou a, si w ta jis kenbe l nan kè w, epi jis leve men w, epi di: "Bondye, Ou konnen sa m ap panse kounye a."

48 Seyè Jezi, Ou wè tout men. Epi Ou konnen sa ki dèyè sa. La byen fon, dèyè men sa a, gen yon rekèt. Epi kounyeya nou vini, avèk reverans, devan Twòn Bondye vivan an, gwo pèl blan sa a ki pwolonje sou espas tan an, kote Jewova Dye chita la a, ak San Kris la ki sou lotèl la. Epi nou pale atravè San sa a, pa Sila a ki te di: "Mande Papa a nenpòt bagay nan Non Mwen, y ap akòde l." Ou pa vle tandè, Bondye, maten an, epi reponn rekèt yo? Jòdi a, mwen fè lapriyè m nan ansanm ak pa yo pou W akòde li.

49 Men mouchwa yo ki layite la a, Seyè, moun ki malad ak aflije yo. E yo anseye nou nan Bib la: "Yo te pran mouchwa ak tabliye ki te touche Sen Pòl, yo te poze yo sou moun ki malad, epi move lespri yo te soti nan yo, epi maladi yo te pati." Epi, Papa, kòm nou konnen depi

lontan, e nou sèten nou konnen nou pa Sen Pòl. Men, apre tou, nou santi ke se pat Sen Pòl. Se Kris la ki te nan li. Epi Ou se "menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan," dapre Lekriti. Kounye a, moun sa yo, Seyè, kwè ke si nou mande Bondye, epi nou pran mouchwa sa yo epi poze yo sou malad yo, yo pral geri. Mwen priye pou se konsa, Seyè, lè yo pral poze mouchwa sa yo sou malad yo.

50 Epi jan yo te di, yon fwa, Izrayèl te nan wout li pou fè devwa li, li ta pral nan tè pwomès la, epi Lanmè Wouj la koupe wout li, jis pandan li te nan wout pou fè devwa li. Men Bondye te gade atravè Kolòn Dife sa a, ak je an kolè, e lanmè a te pè. Epi li fè vag li yo retounen dèyè, dlo li yo. Epi Izrayèl te travèse a pye sèk, pou ale nan peyi pwomès la.

51 Koulye a, Seyè, jodi a, gade atravè San Jezi a. Epi Ou wè zak lafwa sa a ke n ap fè isit la maten an. Epi se pou Satan vin pè epi ale lwen. Epi se pou chak pèlren sa yo ki prezan, epi se pou chak moun yo pral poze mouchwa

sa yo, se pou yo...se pou wout la louvri, epi maladi deplase, epi se pou yo vwayaje nan direksyon tè pwomès la, antan Sentespri a ap dirije yo, Kolòn Dife a. Akòde li, Seyè.

52 Kounye a, beni sèvis yo, pawòl yo, kontèks la, lekti a. Epi se pou Sentespri a pran Pawòl la, maten an, epi distribye L dousman bay nou chak, Seyè, pandan n ap pwoche bò kote yon gran bagay fòmidadab ke nou pa konnen kisa. Kè nou eksite yon fason etranj, Seyè. Epi nou priye kounye a, pandan n ap apwoche W ak Pawòl Ou avèk respè, pou W entèprete sa epi ba nou siyifikasyon I. Paske nou mande li nan non Jezi. Amèn.

Kounye a, aswè a, pa bliye... *Lè A, Ki Lè Li Ye?*

53 E kounyeya, maten an, mwen vle vire, nou menm tou ki gen Bib nou yo. Oswa make li, si w vle, nan Ekriti yo, kote nou vle pale a, pou kèk moman, nou jwenn nan Liv Ak yo. Nou ta ka li de oswa twa kote. Ak 26:15, dabò. Ak, chapit 25 lan epi vèsè 15 lan, pou kòmanse.

54 Answit nou vle li Ak 23:11. Epi nou ta ka ajoute sou sa a, si nou vle, mwen pwobableman p ap gen tan li li, Filipyen 1:20. Tout sa se nan menm liy lan, menm mo yo.

55 Kounye a, nan Liv Ak yo, 26:15, kote li di konsa:

*Aprè sa, mwen di: Ki moun ou ye, Seyè? Epi li di: Se mwen menm Jezi w ap pèsekite a.*

*...leve, epi kanpe sou de pye ou: paske mwen te parèt devan ou pou objektif sa a, pou m fè w tounen yon minis ak yon temwen tou de bagay sa yo ou te wè yo, ni nan bagay sa yo mwen gen pou m parèt devan w yo;*

*Mwen chwazi w nan mitan pèp sa ak nan mitan moun lòt nasyon yo, moun mwen voye ou kounye a,*

*Pou ouvri je yo, epi fè yo vire soti nan fènwa al nan limyè, epi soti nan pwisans Satan vin jwenn Bondye, pou yo ka resevwa padon pou peche yo, ak eritaj nan mitan moun ki sanktifye pa lafwa ki nan mwen.*

*Kifè, O... Agripa, mwen pa dezobèyi a vizyon syèl la:*

*Men a sa yo nan lavil Damas an premye, epi nan lavil Jerizalèm, ak nan tout peyi Jide a, ak yo ...answit a moun lòt nasyon yo, mwen preche pou yo repanti epi tounen vin jwenn Bondye, epi fè zèv ki diy de repantans.*

56 Nan Ak 23, epi vèsè 11 lan ankò:

*Jou lannwit apre a Seyè a te kanpe bò kote l, li di: Pran kouraj, Pòl: pou ... ou te temwaye de mwen nan lavil Jerizalèm, se konsa ou dwe rann temwayaj tou nan lavil Wòm.*

57 Ke Bondye ajoute benediksyon sen Li yo sou lekti de Pawòl sa ki pi sen, pi grasye ke nou gen devan nou.

58 Kounye a, m t ap koute yon nonm ki t ap pale, oubyen diskite, sa pafè lontan, e li te itilize mo sa: *Absoli*. E m te panse, “Sa se vrèman yon bon mo.” M tandè li itilize si tèlman souvan, “Absoliman.” Se...

59 M te gade nan diksyonè, Webster. Daprè Webstè, li vle di, “Pafè an li menm; ilimite nan pwisans li, prensipalman yon *referans final*.” E yon referans final se “Amèn nan. Se tou.” Li se, yon absoli. Li “Ilimite nan pwisans li,” mo absoli a. Li-li Pafè an li menm. Se tout sa li ye. Sa regle kesyon an.”

M te panse, “Sa se yon bagay gloriye. Sa se yon mo mèveye.”

60 E kounye a, yon mo se yon panse eksprime. Premyèman, li dwe yon panse, e answit li vin yon mo. Paske, ou pa pwononse mo w yo san panse yo dabò.

61 Lè nou pale an lang, nou pa gen okenn panse. Se Bondye ki pran panse yo. Se panse Bondye k ap itilize lèw nou yo. Nou pa panse oubyen konn kisa n ap di. Lè w entèprete, ou pa konn kisa w ap di. Ou jis di I. Se tou. Ou wè? Se Bondye, paske w di bagay ke w pa ta panse di. Ou wè?

62 Men mo *absoli* a se “yon referans final.” E, pa konsekan, m panse ke chak moun ta dwe gen yon referans final. E chak gran reyisit ki te reyalize, te gen yon referans final dèyè I. Pe enpòt kisa li ye, li te gen yon



absoli dèyè l. E chak moun, nan optik pou reyalize yon bagay, dwe premyèman gen yon absoli. E sa se dènye pwen retou a, atravè *sesi*, *sela*, retounen nan *lòt* sans, jiskaske w rive nan absoli sa, oubyen amèn nan, oubyen nan referans final la. De sa ke w...ou gen yon bagay ke w atache avè l, otreman di. Se pwen datach final la, pou chak reyisit. Li kèlkepa. Petèt li retounen pase atravè plizyè bagay diferan jouktan li touche pwen datach sa, men gen yon amèn a tou sa. Li oblije gen yon bagay konsa. Ou pa kapab avanse nan lavi a san li menm.

63 Ou menm, lè w deside marye, la te gen retoudaj nan lespri w, sou kèk bagay, jiskaske w touche pwen datach sa. E li ta dwe lanmou w pou madanm ou, oubyen mari w. Ebyen, petèt ke l pa osi bèl ke madanm Jan an, oubyen manzè, ke, ou, li gen yon enpak sou ou. Ou-ou-ou di, “Manzè petèt pa osi bèl ke lòt la,” oubyen, “Misye petèt pa osi bo ke lòt la.” Men dwe gen yon absoli la a, ke moun sa diferan, e se la ke w akroche w. Si sa pa la, li preferab pou w pa marye. Pwen datach sa! Absoli sa!

64 Nou kapab panse a plizye moun ki te gen absoli, nan Bib la. O, kijan nou te kapab pran, toutolon de Bib la, e jis rete la pandan de semèn soti kounye a, epi pa menm

touche l sipèfisyèlman, si nou ta panse a absoli yo nan Bib la. Pa egzanp, kite m pran youn oubyen de, jis briyèvman.

65 Ann pran Jòb. Bon, li te gen yon absoli. Tout bagay te ale de travè pou nonm sa, yon nonm jis. Bon, nou pa ka oze di ke l pa t jis, paske Bondye te di li te jis. Pa t gen okenn moun sou tè a tankou Jòb. Li te pafè, nan je Bondye. E li te konn sa, paske li te gen yon referans final. Li te gen yon absoli, lè ke tout bagay te parèt kont li.

66 Maladi te frape. Zanmi li yo petèt te di, “Bon, men li, Job. Sa prouve ke w peche. Ou antò.” E answit bichòp yo vini. Yo te rele yo konsolatè Jòb yo. Men olye yo konsole l, yo pa t wè lòt bagay ke peche nan lavi li, paske Bondyee te trete Job nan fason ke L te fè a.

67 E yo te asasine pitit li yo. Pwopriyete li yo te boule. Tout-tout bagay te ale mal. E menm pwòp vi pa l te an danje, li te chita sou yon pil sann, bouton kouvri l soti nan po tèl li rive nan plant pye l, avèk gratèl. E menm konpay chamant, dous li a, manman pitit li yo , te di, “Ou ta dwe modi Bondye epi mouri.” Men malgre tou sa, Jòb te gen yon absoli.

68 O, nan moman maladi yo, si sèlman nou te kapab atache nou a absoli sa!

69 Jòb te konnen ke I te fè kòmandman Bondye a. E li te gen lafwa nan sa I te fè a, paske Jewova te egzije I. Nou kapab jis fè sa. Jewova te egzije yon ofrand brile pou peche li a. E Jòb, non sèlman pou li, men pou pitit li yo, te fè yon ofrand brile, e se tout sa Bondye te egzije.

“o,” ou petèt kab di, “m swete ke se sèl sa L egzije jodi a.”

70 Se mwens ke sa. Jis lafwa nan Pawòl Li! E ou, si w fè de Pawòl Li absoli w, ou kapab. Ou kapab atache nanm ou, a nenpòt pwomès Divin nan Bib la. Pe enpòt konbyen vag yo ap frape alantou, ou toujou atache; absoli w la.

71 E Jòb te akroche I a Li. E lè konsolatè li yo te di, “Ou te peche,” li te konnen ke I pa t fè sa. Li te jis, paske li te akonpli kòmandman Jewova a. E lè tout ...

72 Nonm nan te rantre, li te di, “Pitit ou yo mouri.” Yon lòt rantre, li te di, “Tout chamo w yo boule. E laba dife desann soti nan syèl la.”

73 Gade ki agiman akizatè li yo te genyen. “Ou wè? Dife te desann soti nan syèl la. Kounye a, Jòb, sa prouve.” Sa pa prouve anyen. “Bon, Li pa t ap frape pitit ou yo, Jòb; ou se yon nonm jis.”

74 “Men,” Jòb te di, “M konnen ke sa m te fè a kòrèk.” Se tou. Li te kontinye akroche l. Li te gen yon bagay ke l te kapab anfonse. Se sa. Li te aksepte l. Li te fè egzakteman sa ke Bondye te di l fè a, e li te absoliman sèten. Trè byen.

75 Answit lè li te rive nan pwèn an, kote ke absoliman a te byen ankre, alò finalman li te kòmanse santi presyon an resere. Avan sa atach la t ap flote mòlòlò, epi l t ap rebondi nan tout sans, men la li te kòmanse resere. Answit Lespri a vini sou li. E Jòb te redrese l, antanke pwofèt, e li te di, “M konnen Redanmtè mwen an vivan.” Amèn. Ou wè? Li te resere l ak absoliman li a. Li te antre an kontak. Li te konnen ke l te fè egzakteman sa ki te kòrèk, e yon jou li te oblije tire jiska li. “Mwen konnen redanmtè m nan vivan, e nan dènyè jou yo, Li kanpe sou tè sa. Menm si vè te detwi kò sa, malgre tou nan chè mwen, m va wè Bondye.” Li te konnen alò. Answit absoliman li a te ankre.

76 Abraham, li te gen yon absoli, li desann soti Babylòn, soti nan tou a, e deyò a nan Shinar, e deyv laba a kote li te sejourne ak papa l, e petèt li te yon fèmnye. Men yon jou, nan fon jeng yo kèk kote, petèt pandan l t ap ramase ti fwi,oubyen-oubyen l ta pral touye kèk animal pou vyann li; e kèlkepa laba a, Bondye te pale a li, lè li te gen swasant kizan. E li te...Li ak madanm li, Sara, manzè te gen swasant senkan, yo pa t gen pitit-yo pa t gen pitit. Yo pa t gen okenn timoun. Alò Bondye te di l, “Ou pral gen yon pitit de sara. Men, pou sa ka fèt, ou dwe separe tèt ou.”

77 Pwomès Bondye yo toujou gen kondisyon. Ou oblije, absoliman. Pe enpòt kija w fondamantal ak pwomès la, se anba kondisyon, toujou. Kijan nou te kapab rete la e navige atravè Ekriti sa, ale tounen, pandan dè zè, ou wè, ke kondisyon an se sa ki enpòtan. Ou kapab jis osi fondamantal ke w vle, men se anba kondisyon pa pwomès la, predestinasyon, elatriye. remake.

78 Bon, “Abraham, te kwè Bondye, e li te atribiye a li menm pou jistis.” Bon, ala yon-yon bagay terib li ta p ye pou rankontre nan yon-yon mond sivilize, yon nonm aje de swasant kizan, avèk madanm li ki gen swasant

senkan, e yo te viv ansanm depi lè yo te yon jèn koup, e kounye a li ta pral gen gen yon ti bebe de manzè. Men li te gen yon absoli. Pa gen anyen ki ta pral fè l bouje.

79 E lè, aprè premye mwa, li pa t rive, absoli li a te kenbe, paske l te konnen l te pale ak Bondye. Dezyèm mwa, dezyèm ane, dizan, epi venn senkan aprè, lè li te gen santan, e sara katreven dizan, absoli li a te kontinye kenbe.

80 E Bib la te di, lè nekroloji Abraham (biyografi aprè lanmò-Ed) te ekri, Li te di, “Abraham pa t doute de pwomès Bondye a, pa enkredilite, men li te rete fèm, li te glorifye Bondye.”

81 Poukisa? Èske w janm panse a poukisa? Li te absoli, pozitif. E sèl bagay ke l te gen pou fè se separe tèt li de pèp li a. E Bondye pa t janm beni l jiskaske l te fè sa. Bondye te pran papa l. Papa l te mouri. Bondye te pran Lot. E aprè ke Lot te separe l de Abraham, alò Bondye te vin kote l, Bondye te di, “Kounye a mache nan direksyon peyi a.” Ou wè?

82 Obeyisans, pwomès, sou kondisyon yo, toujou ale avèk Bondye epi Pawòl li. Kounye a gade...

83 Ann pran Moyiz. Moyiz, yon-yon sèvitè-pwofèt fijitif, ke Bondye te leve epi edike nan palè Farawon an. Epi-epi Moyiz te soti avèk antrenman tewolijik li a, e se te premye nonm ke I te touye. Alò, premyè enpèfeksyon li a te manifeste, alò Moyiz te pè pou I mouri.

84 Poukisa? Li pa t gen okenn absoli. Li te sèlman gen temwanyaj manman I sou nesans li. Li te yon anfan etranj. Li te gen pawòl manman I sou sa. Li te gen pachemen ke Bondye nan kèk papye kèlkepa, yo te ekri, yo te pote avèk yo, ke Bondye te gen pou L vizite pitit Li yo. Li te konnen ke sa se te moman.

Menm jan nou konnen kounye a, nou konnen gen yon bagay ki pral rive.

85 Bon, Moyiz te konnen ke se te moman, e li te konnen ke li te chwazi pou sa, men li pa t gen yon absoli. Ou wè?

86 Epi yon jou, nan fen fon dezè a, lè li te pèdi vizyon an, Bondye te parèt devan I, nan yon bwison ardan. E Bondye te di, “Moyiz, Mwen wè afliksyon pèp Mwen an. Mwen tande jemisaman yo ak rèl yo, de kontremèt sa yo k ap pini yo. E Mwen sonje pwomès Mwen an. M desann vin delivre yo. Kounye a ale an Ejip.” O,lala!

87 Moyiz te di, I ap plenyen, I ap di, “M pa pale trè byen. Delivrans mwèn-mwèn an pa vrèman trè bon. Yo pa p kwè m.”

Bondye te di, “Kisa k nan men w?”

Moyiz te di, “Yon baton.”

88 Bondye te di, “jete I atè a.” Li te chanje an sèpan. Bondye te di “Ramase I nan ke I.” Li retounen yon baton ankò. Bondye t ap ba li yon asirans, yon konfimasyon.

89 Lè Bondye bay yon absoli, Li bay konfimasyon absoli sa, toujou.

90 Alò Moyiz, lè li te laba a, e li te jete baton li a atè devan majisyen yo epi Farawon, epi majisyen yo te vini e yo te jete baton pa yo a tou, Moyiz pa t janm kouri epi te di, “O, ebyen, m te nan erè. A, se jis yon tou maji tèt bòchèt, e petèt m te nan erè.”

91 Men li te konnen. Li te pozitif ke I te rankontre Bondye, e li te rete kalm. Ann di I te fè egzakteman sa Bondye te di pou I te fè. Menm jan Job te fè egzakteman sa ke Bondye te di I fè. Moyiz te swiv kòmandman Li yo. Alò, rete kalm epi gade lagla Bondye. Moyiz te atache ak



absoli li a, komisyon li a, e li te rete kalm. Alò, lè l te fè sa, sèpan pa li a te vale rès sèpan yo. Ou wè? Li te atache a absoli sa.

92 Bondye te di, “Lè w delivre pitit sa yo, ou va adore M sou Montay sa ankò.”

93 Bon, enmi a, nan tout fason li kapab, pral eseye elwanye w de absoli sa.

94 Dirèk pandan ke yo kòmanse kite Ejip, yo te kwense jouk nan kou pa Lanmè Wouj la, epi montay yo sou lòt bò. Yo rive atravè yon vale, e Lanmè Wouj la te la. Pa t gen okenn fason pou chape sou montay yo, okenn fason pou chape sou bò sa, e lame Farawon an t ap vini sou bò *isit* la. Ala yon pozisyon pou kanpe!

95 Ou wè kijan dyab la mete nan yon plas kote w pa konn kisa pou w fè? Men sonje, si atache a absoli sa, se kòrèk.

96 Moyiz te konnen ke Bondye te pwomèt li, ke, “Ou va adore sou montay sa lè w va fè yo soti. E te vin isit la, gras a men W, pou delivre yo e plase yo laba nan lòt peyi a.” Li te rete dirèk avèk li. E Bondye te voye yon van de lès e l te repouse dlo yo, rive jis nan fon lanmè a, e yo te travèse sou tè sèk. Yon absoli!

97 Kouman nou te kapab ale atravè Ekriti yo: Danyèl, aboli li a; Chadrak, Mechak, ak Abèdnego, absoli yo a; David absoli li a; yo tout. absoli.

98 Pòl te gen youn tou, Sa ke n ap li sou Li a. Li te gen yon apèl santre sou Kris, e sa te absoli li. Sa se rezon ke I pa t pè de sa ke Agrippa ta ka di. Li te kanpe laba, e agrippa te yon Jwif, jan nou konnen an. E donk lè li te kanpe devan rwa sa yo ak bagay sa yo, Bondye te gentan di I ke li ta pral kanpe laba a. Alò, li te gen yon absoli, donk li te rakonte vizyon Selès la egzakteman. Li te di, “Mwen pa yon...Mwen pa t dezonorab a li. Mwen te...Pa t mal jije I. M pa t kondwi tèt mwen mal.” Men li te akroche I, e li pa t dezobeyisan. Li te pote I soti, a la minit, paske L te yon absoli.

Nenpòt ki vi santre sou Kris, sa se absoli w.

99 Bon, depi Pòl te rankontre L, fas a fas, sou rout Damas la, sa te tèlman enpòtan pou Pòl.

100 Bon, sonje, li te yon erudi, avan tou. Li te yon nonm pwisan nan Ekriti yo. Men I pa t gen okenn pwen datach ke Sanedren a ki ta pral apiye I, e yon-e yon diplòm de yon-yon-yon gran ansenyan. Li te yon gran nonm sou

tèren an. Men li t ap tann. Sèl bagay li te genyen, absoli li a ap osi fò ke jan òganizasyon li an te ye. Se antou osi fò ke I te kapab ye. E li t ap travay pou sa, e li t ap pran Kretyen yo, epi mare yo, epi fè ravaj ak yo, e menm lapide Etyèn.

101 M panse, pita nan lavi I, rezonki te fè I ale Jerizalèm: Lè, pwofèt la te di I, “Pa ale lòt bò a, Pòl, paske chèn ak prizon ap tann ou.”

102 E Pòl te di, “m konn sa, men m pa p sèlman ale Jerizalèmantan ke temwen. Men, m prale laba, M prè pou m mouri pou Jezi Kris.” Paske I te konnen kisa I te fè, e anbisyon I se te pou I sele temwanyaj li avèk pwòp san pa li. mouri yon martir, paske I te tiye youn nan martir Bondye yo.

103 Epi kounye a, li te sou wout li prale Damas, avèk tout edikasyon li a. Li te fòme anba yon gran ansenyan, Gamalyèl, e kijan I te fin resevwa fin ansèyman nan tout relijyon Jwif la. E poutan, avèk tou sa, li te frajil, e I pa t gen abilite pou I te fè kèk bagay. E soudènman, le gen yon Limyè laba, ak yon grondman, petèt, ak yon tonè. E li te frape, e li te tonbe sou sòl la.

104 E li leve je I. Te gen yon Limyè briyant, ki te avegle je I yo. E bagay ala yon bagay etranj sa te ye. Pèsòn dot te wè Limyè a, jis Sòl. Li te si tèlman pwomèt, si tèlman reyèl pou li, jiskaske L te avegle je I yo. Li pa t kapab wè. Konplètman avèg, ak Kolòn de Fe sa ki t ap flanbe devan fas li. E li te tandè yon Vwa ki di, “Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsekite M?”

Sòl te di, “Senyè, Kiyès ou ye?”

105 E Li te di, “Mwen se Jezi. E li difisil pou ou goumen kont egiyon sa yo. Leve kounye a, e ale Damas, e laba gen yon moun k ap anvoye a ou menm.” Donk aprè li te leve soti atè a...

106 E laba te gen yon moun, yon pwofèt, anba nan vil la, ki te wè yon vizyon pandan ke I t ap priye, e li te vini. Ananyas te vini, e li t al kote Sòl. Li te poze men sou misye, e Sòl te geri pa gerizon Divin. Answit li te leve, li te batize, li te lave te peche I yo, li te envoke Non Senyè a. E aprè sa li te gen yon absoli. Li pa t janm menm jan aprè sa. Li te pozisyone I, de legliz an legliz, de plas an plas, li t ap eseye bati sa ke I te eseye detwi a.

107 Kijan nasyon an, kijan mond Kretyen an, maten sa, bezwen kalite absoli sa. Sila yo kap...?...kredo yo ak tradisyon yo, te eseye, ak doktrin lòm, pou diskalifye Pawòl Bondye a rete menm jan ayè, jodi a, e pou toujou. Yo bezwen yon absoli, yon eksperyans de rankont, sou yon chemen Damas, Bondye vivan an ki kapab geri malad, e resisite mò, e chase demon yo. Yon absoli otantik!

108 Pòl te konnen ke yon bagay te pase. Pa t gen okenn moun ki te kapab anlve l sa. Anyen dot pa t gen enpòtans. Li te atache, se te fini. Pe enpòt sa ki rive, li konnen l te atache, lavi santre sou Kris. O!

109 Lavi ke l te viv la te diferan. Kounye a, sonje, li te yon nonm relijye.

110 E kèk pami nou moun ki la maten an (e m konnen w reyalize ke band sa ap anrejistre, li pral jwe nan tout nasyon anba lèsye, apeprè, toutotou mond lan); e kèk nan nou ki isit la, prezan; e kèk nan nou laba kote band la pral jwe nan lòt nasyon yo (pa yon entèprèt ki pral bay li nan tribi yo an Afrik, tounen nan Hottentots yo, e-e

toupatou); e pou ou lidè entèlektyèl la ki jis gen yon edikasyon de Bib la:

111 Ou genyen l de yon pwèn de vi istorik, e petèt ou kapab esplikee tout bagay sa yo, men si w pa gen yon absoli, si w pa gen yon-yon eksperyans, e si eksperyans sa ke-ke w pwoklame ww genyen an fè w refize ke tout Pawòl ki nan Sa pa osi vrè nan Legliz la jodi a jan ke Li te toujou ye, e ou repoze w sou diplòm atistik inivèsitè ou a oubyen pe enpòt sa w kapab genyen an, si w konte sou panse òganizasyon w la ki ta di, “Jou mirak yo pase, e nou pa gen gerizon Divin, e batèm Sentespri a tankou yo te resevwa nan Jou Pennkot la se pa po moun jodi a,” si se tout sa w genyen, frè byenneme, sè, ou bezwen yon eksperyans wout Damas la!

112 Ou bezwen rankontre Bondye vivan sa, kote w, pa jis yon panse mitik nan lespri w, pa kèk frison, oubyen kèk sot de sansasyon, men yon ansèyman ak eksperyans de yon vrè, otantik. Menm Jezi ki te mache nan Galile a vivan jodi a, epi an vi pou tou tout tan. E li se menm nan ayè, jodi a, e pou toujou. Yon absoli, ke w pa oblije pran sa okenn lòt moun te di. Ou konnen l pou tèt ou, pa kèk sansasyon.

113 E si sansasyon ke w te genyen an, e kèk moun, li petèt te yon vrè sansasyon Biblik, e kèk mooun te eseye esplike l lwen de ou, dizan ke bagay sa yo te pou kèk lòt epòk. Fè atansyon. Li vrè. Fè atansyon. Men gen yon fason pou konnen, Teste l ak Pawòl la. Sa se mastè plan an.

114 Si kay la ale kontrèman a mastè plan, kontraktè a pral kraze l epi rekonstwi l. Men l dwe akòde l a mastè plan an.

115 Pe enpòt kisa eksperyans ou an ye, alò, si gen yon bagay nan ou ki di w ke Bib la pa vrè, ke pwisans Bondye, apot yo, pwofèt yo ak anseyan yo, ak pastè yo, ak don de Lespri yo pa jis menm jan Li te ye lè li te koule atravè apot yo nan Jou Pennkot, gen yon bagay ki pa mache ak absoli w la. Li dwe atache a yon krdo denominasyonèl olye de Bib Bondye a. Lè, Li te di, “Syèl ak tè a toulède ap pase, men Pawòl Mwwen pa p janm fayi.” Obsève sa absoli a ye.

116 Ou kapab absoliman sèten ke w nan bon kominyon ak pastè a. E petèt ou absoliman sèten ke w an kominyon ak presbitè distrik la. E petèt ou absoliman sèten ke w an

kominyon ak bichòp la oubyen kèk lòt gran nonm nan legliz ou a. Men si w pa...Absoli w la pa Jezi Kris.

117 “Paske sou Roche sa Mwen pral mete Absoli Mwen an, e pòt lanfè pa p triyonfe de li menm.” Revelasyon espiyitèl de kiyès Li ye, e konnen L! Trè byen. O!

118 Bon, lè w vin tankou Pòl, ou gen menm absoli ke I te genyen a, yon vi Santre sou Kris se yon lavi deferan de sa w te genyen otrefwa. E petèt li te yon vi trè relijye ke w te viv.

119 O, m konn tande moun di, “Kounye a, yo vrèman relijye.” Sa pa gen anyen arevwa avèk Li.

120 M si tèlman wè anpil relijyon, trè devwe, anpil fwa yo pi sensè ke sa moun Kretyen yo pwofese jodi a. Lè, yon manman kapab pran ti bebe I akouche, byen replè, tou nwa, gwosè sa apeprè, e jete I nan bouch yon krokodil, pa amou pou dye li a. M mande a ki pwen Kretyènte sensè. Lè, yon nonm kapab aflije tèt li nan yon kondisyon parèy, ta mete yon milye krochè nan chè li, tankou sa, pandye konsa ak sak dlo, kenbe I desann *konsa*, epi mache nan yon trene dife, soti isit la rive jis nan fen tabènak la, de yon bou a yon lòt, epi chofe a blan, baleye



*konsa*, pou sakrifis dye li a, yon idòl laba ak je an ribi, elatriye. M mande kote Kreyònte ye. Uh-huh. Uh-huh. Alò pa panse “senserite.” Senserite se pa Li. Senserite se trè byen si l plase sou bon bagay la.

121 Tankou yon doktè k ap bay medikaman. Li kapab ba w asenik, sensèman, e li kapab ba w asid silfirik, sensèman. Preskripsyon w la kapab mal ranpli, e kapab pran l ak senserite, men sa pa sove lavi a. Ou wè? Non, mesye. Ou dwe konnen kisa w ap fè. E nenpòt kisa ki kontrè a Pawòl Bondye, m pa kè de kisa li ye, e konbyen tan li genyen depi li egziste, li ankò mal.

122 Pyè te ba yo yon preskripsyon Etènèl nan Jou Pennkot la. Li te di, “Repanti, chaken pami nou, epi batize nan Non Jezi Kris pou remisyon peche w yo, e w va resevwa don Sentespri a. Paske preskripsyon sa se pou ou, e pou pitit ou yo, e pou lòt yo ki olwen, an osi gran nonb ke Senyè Bondye nou a va rele.” Se sa. Li se yon preskripsyon Etènèl.

123 Kounye a, gen kèk famasyen charlatan ki ka jwenn sa a epi touye w. Wi. Sètènman. Ou konnen, gen tèlman pwazon nan yon preskripsyon, pou anpwazonnen

mikwòb la, epi —doktè a konnen jis konbyen, kò w ka sipòte. Si I anpwazonnen I twòp, li va touye w. Si w pa jwenn ase nan li, Lè sa a, ki sa I ta fè? Li pa ta sèvi w anyen pou w pran medikaman an. Li konn ki sa kò w ka sipòte.

124 Ebyen, se konsa preskripsyon Bondye a ye. Pe enpòt ke yon lòt moun di ke I dwe fèt konsa, oswa fason sa a, penga w kwè I. Lè ou swiv Pawòl la egzakteman alalèt la, se regle. Kenbe I fèm. Kounye a, nou gen...sa yo ki di, “Ou te dwe aspèje .” Yo te gen sa yo. Ki donk, “Ou dwe sèvi ak tit Pè, Fis ak Sentespri a.” Pa gen bagay konsa nan Bib la. Pa gen okenn kote yon moun te janm batize, nan Bib la, okenn lòt fason ke nan Non Jezikri. Sa a se yon dogm ki te ajoute nan legliz Katolik Women an, ki te kontinye atravè tradisyon yo. Nou pral frape sou sa aswè a.

125 Men remake, nan mitan tout sa, preskripsyon an rete menmn nan. Se poutèt sa nou gen pil timoun malad sa

yo, paske yo pa koute sa Doktè a di. Absoli a, lè ou te atache a Sa, se regle. Se Pawòl Bondye a. Li pa ka fayi.

126 Lavi santre sou Kris la! Trè relijye, men li pa t santre sou Kris la. Se konsa, anpil nan nou genyen sa jodi a.

127 Epi lè w jwenn lavi ki santre sou Kris sa a, li fè w fè bagay ke w pa t ap fè nòmalman. Li fè w aji diferan ke jan w nòmalman ta aji. M pa vle di aji tankou makak. Mwen vle di aji nan Lespri, yon bagay ki reyèl, yon bagay ki otantik. Epi lè w wè yon moun ap aji tankou makak, ou konnen li sèlman ap montre sa l pa ye. Yo sèlman ap eseye imite kote bagay otantik sa a ye.

128 Lè w wè yon fo dola, sonje ke l te fèt apati de yon bon dola. Ou wè? Lè w wè yon fo, li se absoliman lonbraj yon bagay ki reyèl. Se yon bagay ki—ki otantik, ke yo te kopye.

129 Remake, li fè w fè bagay ou pa t ap fè nòmalman. Oh, se bagay serye. Ou sèten. Ou trè sèten de li, lè gen

absoli sa a. Li pozitif pou wou. Ou pa pran sa ki eksperyans yon lòt moun.

130 Se rezon ki fè Krisyanis la vin tankou timoun piti nan Bib la, oswa, e non, eskize m, timoun piti nan lekòl. Y ap eseye kopye youn sou lòt. Men, si mesye sa a fo, tout bagay la fo. Ou wè? Ou te jwenn yo tout nèt fo. Oh, lala! Penga w kopye. Rankontre l, oumenm.

131 Yon bon zanmi m, ki kanpe la a, se yon ansyen...se pitit gason yon bon zanmi m, yon zanmi pou lavi, ti Jim Poole. Poukisa, papa l 'ak mwen te grandi ansanm nan lekòl la. Epi, o ala, yon bon kanmarad! Ti Jim ak mwen toujou ap priye pou gwo Jim vin yon kretyen, yon vrè kwayan. Epi, ti Jim ak mwen t ap pale yè de kote nou te jwenn Bondye nan bwa yo epi wè Li nan lanati. Men kote w jwenn li. Paske, Li se Kreyatè a, e Li nan kreyasyon L lan.

132 Epi m sonje, Jim ak mwen te konn ale—ale, vle al lachas. Epi lè lannwit rive, ebyen, nou te konn desann, pran bisiklèt nou, epi woule drèt desann lari sa a isit la, nou te pè kou chat pou pase simityè a apre li fin fè nwa, epi desann anba a pou n pran yon kònè krèm glase.

133 Epi Jim te renmen jwe biya. Bon, nou te jis jenn ti gason, dis, douz, katòz lane. Lè sa a, Jim te renmen rete ozalantou e li liv istwa sou lachas ak tann pyèj.

134 Apre sa, mwen ta chita nan antouraj la epi ap reve je klè. Ou wè? Konsènan... Epi kounye a kèk nan ti jennonm yo ka wè m. Apre sa, mwen ta wè yon vyek ti kay yon kote. M te konn di, "O lala, sa ta yon bon ti kay pou genyen nan mòn yo." Epi m te toujou reve ke yon jou m ta gen yon ti kay mwen nan mòn yo, yon pakèt bann chen, ak—ak kèk zam. Epi m te toujou panse, "Si m te kab posede yon .30-30, nan vi m." M te panse, "Ki kote m t ap pase pou m ta janm posede yon ti fizi 30-30?"

135 Epi lòt jou, m te kanpe, m ap gade sou miray mwen an, e m te wè kèk nan pi bon fizi ke yo te ka posede, m te panse: “ gras Etonan.”

136 M te panse, “Mwen pral antrene m pou tire, epi tire byen. Apre sa petèt yon fwa pou m jwenn, nan yon vwayaj nan mòn yo, kèk bon chasè pral pran ma avèk li. Jis pou ou jan de...paske, li ta vle pwoteje lavi l, petèt, kont yon atak lous. Li pa t twò sèten. Kèk moun rich, ta mennen m avè l, jis akonpaye l, yon jan de gad kò. Petèt yon jou mwen ta al lachas an Afrik, kòm yon gad kò. Si m te kab jis antrene! Se sèl bagay m ka fè se antrene pou m vin yon bon fran tirè.”

137 O, m te panse, “Bondye, M panse, ou kite m chase atravè mond lan.” Ala yon bèl bagay! Jim te konn chita ap li liv la. Mwen te di, "Jim..." Li te di, "M—M renmen li sou sa."

138 Mwen te di, “Jim, se sa yon lòt moun te fè. Mwen vle fè l, mwen menm. Mwen vle eksperyans nan.” Lè m vin jwenn Kris la, m pa t kab pran eksperyans yon lòt moun. M te vle l, mwen menm.

139 Mwen sonje lè m li kòbòy Lone Star Ranger ke Zane Grey ekri a. M te defèt de oswa twa bale manman m yo, m monte yo toupatou nan kay la, ap galope, lè m te sou chwal jwèt an bwa bale sa a. M—m li istwa sa a—sou Kòbòy Lone, ki jan l te mennen jistis nan Big Bend lan.

140 Apre sa m te li istwa fiksyon Tazan ke Edgar Rice Burroughs ekri sou, Chen panze yo. Manman m te gen yon vye tapi an fouri, yon tapi an po fok oswa yon bagay konsa, ke Madan Wathen te ba l apre dife a. Epi li te etann ni nan chanm li a, epi m—m te soti tapi sa a deyò a. Mama te fin pa konnen ke van an pa t pote l ale. Apre sa mwen soti avè l, epi koupe l, epi fè yon kostim Tarzan pou mwen, epi m chita nan pye bwa a. M—mwen te pase

mwatye tan m nan yon pye bwa, deyò a nan kostim Tarzan sa a. Paske m te wè sa l fè, m te vle fè l tou.

141 Men yon jou, ak gras Bondye, m te jwenn Liv reyèl la, Bib la. Chante m ak istwa m sete, "Pou vin tankou Jezi, sou tè a mwen anvi vin tankou li." Mwen pa vle vin yon evèk oswa—oswa kèk gran kanmarad nan legliz la, kèk pap oswa kèk prèt. M vle vin tankou Jezi. Yon absoli, sa fè w diferan. Gen yon bagay, apwopo de sa, pou li Pawòl Li a, epi yon bagay nan kè w, pou anvi vin tankou L. Ou sèten.

142 Se tankou, absoli pou Kris la, absoli pou kretyen an, se tankou...Li, se tankou lank nan bato a. Wi. Ou menm, ou dwe gen yon absoli. Men, si Kris la se absoli w, se tankou lank lan. Se, lè ou... Lanmè a byen move, e bato a sou pwen koule, epi, ou, yon sèl espwa w genyen, se, jete lank lan. Lè sa a, si bato a ap sakaje, gade si lank la pral kenbe bato a. Ou konnen, nou gen yon chante, mwen bliye non otè a kounye a, men se, Lank Mwen an kenbe.



143 Tankou ti gason an, jan nou te panse anpil fwa, ap monte kap la. Ou pa t kab wè anyen, men li te gen fisèl la. Epi yon nonm te pase, li di: "Kisa w ap fè la, gason m?" Li di: "M ap monte kap mwen an." Li di: "Kisa ou genyen nan men ou?" Li di: "Fisèl la."

144 Li di: "Kote kap la?" Li di: "Mwen pa wè l. Bon, ki jan ou fè konnen w ap monte yon kap?"

145 Li te di, "M kab santi l. Se yon sakad. " Wè? Nan bout fisèl la, te gen yon absoli. Nan ti fason l lan, kap sa a te absoli l, kidonk li te kapab di ke l t ap monte yon kap. Menm si li pa t kab wè li, men li te gen yon priz , yon bagay, ki te gen yon priz sou li.

146 Se konsa yon nonm, lè l ne de nouvo ak Lespri Sen an, li akwoche l a yon bagay ki gen yon lank anlè a, e tanpèt yo pa souke l. Li konnen ke l trè byen. Li ankre. Se sa.

147 Koulye a, si n nan ti kannòt nou an, ap flote atravè fil solanèl lavi a, jan gran powèt la te di, ke: Lavi se pa yon rèv vid! Epi nanm k ap dòmi an mouri, E bagay yo pa sa yo parèt la. Lavi a reyèl! E lavi a serye! Epi tonbo l se pa objektif li; Paske w se Pousyè, e nan pousyè w ap tounen, Yo pa t' pale de nanm nan.

148 Oh, m kwè ke sa a bèl anpil! Kounye a, Longfellow te ekri, Sòm Lavi sa a. Ou wè? Pandan y ap navige sou fil prensipal lavi a, Pou yon frè ki abandone e nofraje, Lè l wè sa, li va rebran kouraj.

149 Ou wè? Koulye a, nou anbake, ap navige sou liy prensipal solanèl lavi a, ak Kris la, nan bato a anwo tanpèt tan yo. Lè tanpèt yo vin lou, epi ap fè raj, mwen byen kontan m jwenn te gen yon lank ki akwoche nan vwal anlè a, kèk kote. Menm lanmò li menm pa ka detache w de li. Ou makonnen ak absoli w. Kris la se lank nou. Ki sa Li ye? Li se Pawòl la. “Nan kòmansman an te Pawòl la, e

Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè, li rete nan mitan nou."

150 Kidonk, lè n konnen ke aksyon nou egzakteman annakò ak Pawòl la, nou konnen ansèyman nou an pafè ak Pawòl la, san ajoute anyen oswa retire nan li, jis Pawòl la. Epi nou wè menm rezilta yo, ke lòt moun ki ankre nan menm Pawòl la, k ap manifeste nan lavi nou, Lè sa a, lank ou an kenbe. Lavi Kris la te repwodui nan prèske yon fason enkane, atravè w, menm jan li te ye nan Kris la, paske, "Se te Bondye nan Kris la, ki te rekonsilye mond lan ak Limenm." Epi ou wè Bondye nan oumenm, k ap kenbe menm navigatè sa a sou Pawòl la, jis egzakteman jan Jezi te fè a. Ou wè lavi Li. "Zèw m'ap fè yo oumenm tou va fè yo, sila ki te kwè a." Pa moun ki pretann-kwè, ki panse l kwè, men, "Moun ki kwè." "Sila ki kwè nan mwen, zèw M ap fè yo li va fè yo tou." Poukisa? Li ankre nan menm Wòk la. Ki sa ki wòk la te ye? Pawòl La, tout tan. Ou ankre la a. Se zetwal Nò w la lè w pèdi nan lanmè.

151 Ou konnen, nou gen anpil zetwal, men gen yon sèl vrè etwal, ki pa deplase. Se etwal nò a, paske li plase nan sant tè a. Kèlkeswa si w pa dèyè, pa anwo, nenpòt kote w ye a, etwal nò sa a se jis menm bagay la. Se etwal nò ou a. Bon, ou wè, gen anpil zetwal k ap deplase de yon kote a lòt la. Men, si w nan yon...sou lanmè a, ebyen, nenpòt maren konnen, oswa nenpòt chasè k ap vire anwon nan bwa a, konnen ke etwal nò ou a la se pou— se plas ou. Se tout. Ebyen, se tankou-bousòl— ou. Bousòl ou p ap pwente w nan direksyon Mas, oswa Jipitè, oswa nenpòt kote a. L ap montre w etwal nò a. Poukisa? Sa se absoli w.

152 Oh, lala! Remake, absoli ou! Oh, M pral di yon bagay! Mwen jis santi l ap vini. Remake. M santi m trè ranpli nan moman sa a, paske sa a se asirans. Remake.

153 Bousòl ou a kab sèlman pwente sou etwal nò a. Se sèl kote li ka montre. Si se yon vrè konpa, li pral fikse l

sou etwal nò a chak fwa. Eske se pa vre? [Kongregasyon an di: “Amèn.” — Ed.]

154 Kidonk, si w gen Lespri Sen an, Li kapab sèlman pwente w Pawòl la. Li pap janm pwente w sou yon denominasyon. Li pap janm pwente w sou yon kredo. Li pap janm pwente l yon lòt kote. Li pral pwente tou dwat nan Pawòl la. M santi mwen ta rele anmwe. Remake, se—se Yon Bagay andedan yon nonm, k ap bondi, lè w wè Etwal ou a ki parèt anlè a, Jezikri, Pawòl la. Epi ou wè Lespri ki nan ou p ap kite l deplase ni adwat ni agoch. Se sèlman limenm ki kapab. Li vin pou pran bagay Bondye yo, epi montre yo, manifeste yo.

155 Epi Jezi di: “L ap fè egzakteman sa m di yo. Li pral revele w bagay ki gen pou vini yo,” montre w davans, anvan li rive isit la. Ou wè? “L'ap pran bagay ki pou mwen yo, l'ap montre w yo, epi apre sa l'ap montre w sa k gen pou vini yo.” Jan 15.

156 Nou wè ke L montre bagay yo. Epi li pran bagay ki pou Bondye yo e li pral montre w yo. Epi I ap revele nou sa Jezi te di. Nan lòt mo, li pral rann bagay la klè. M ap me t sa a de kote, aswè a, paske se sa nou pral itilize, nan yon ti moman. M ap asire m, ke m rann sa pozitif, ou wè, answit ou konnen. Si ou...Etwal nò w la, ki se Pawòl la, pou nenpòt kretyen an.

157 Nenpòt bagay ki kontrè ak Pawòl la! Gade. Kite m 'di w yon bagay. Koute sa a byen. Sa a se revelasyon Bondye a okonplè, volonte Li, epi Vini Kris la. Kifè tout bagay etale la a menm nan liv sa a, li te konplete. [Frè Branham tape sou Bib li a Ed.] Men, si nenpòt bagay detounen w de Sa, voye konpa sa a jete, 'paske I se sèlman yon kredo. Li se sèlman yon Òganizasyon ... Se sèlman yon papyè ke w pliye me t nan pòch ou, ki te pandye nan chanm ou, ki te ankadre. Se yon kredo. Kidonk, jwenn konpa a k ap plase w nan Pawòl la. Amèn.

158 Ou remake, lè eksperyans sa a te frape Pòl, li te desann ann Ejipt epi Arabi, yon kote, li te pase twazan ap etidye. Glwa! wouy! Li te dwe pozitif. Epi lè I wè, lè Lespri Sen an dirije I, mo pou mo, li te kab ekri Liv Ebre sa a epi aprann Juif sa yo. Sètènman. Poukisa? Li te santre. Bousòl Lespri Sen an te mete I dirèkteman sou Etwal nò a.

159 Kounye a, si w gen yon bagay ki devye w de Li, pito w kite I trankil. Fis la, Li pral pwente w a Pawòl Li a, epi sèlman Pawòl Li a, paske Sentespri a te vin pou manifeste, oswa konfime, pwomès Bondye yo. Pa gen okenn kredo ki pral fè sa. Okenn òganizasyon pa pral fè I. Okenn pwisans oswa anyen ki ka fè I. Se sèlman Lespri Sen an, pa Pawòl la. Epi li se jèm la.

160 Kounye a, ou pran yon grenn ble, yon bèl grenn ble, men li pa kapab fè anyen. Li mouri jiskaske jèm nan antre ladan I. Lè sa a, li pwodui anpil grenn ble.

161 Ebyen Kris se Lavi sa a, absoli a. Si ble a pa gen absoli sa ladan l, li p'ap janm leve. Si ble sa a pa gen absoli sa a, li petèt toujou bèl sou deyò, men li pa ka gen lavi, paske pa gen anyen nan li pou fè l viv. Men, lè l vin gen absoli sa a, li ka gade tout kritikè yo nan figi yo, epi di, "M pral viv ankò." Poukisa? Paske li gen absoli a. Sa nan li. Li gen pou resisite ankò. Epi lè l... "Si w demere nan mwen, epi pawòl mwen yo demere nan nou, mande sa nou vle." Se absoli a sa.

162 Men, si w gen kredo ak tout lòt bagay ki makonnen ladann , ou pa kapab melanje lwil ak dlo. Ou jis pran l epi dekonpoze l nenpòt jan w vle, li pap janm melanje, paske li se de pwodui chimik diferan. Epi ou pa ka fè kredo ak Bib la, melanje sa k kontrè ak Bib la. Ou pa ka fè denominasyon ak libète relijyon, oswa libète sali, melanje ansanm. Paske, osi sèten ke l ye, Bondye sèlman annafè ...



163 Mwen pral di l, kanmenm. Bondye pa janm defèt pwogram Li. Li pa ka defèt, paske L enfini. Apre sa, m reyalize, ou konnen, mwen menm, Sa al devan anpil moun. Ou wè? Men, Bondye pa ka defèt pwogram li a. Li pa ka fè yon bagay yon jou, epi chanje l, fè yon bagay, pou l di ke se yon erè lè sa a.

164 Bondye pa trete ak gwoup moun. Bondye trete ak yon moun, paske lèzòm gen diferan lide. Li te fèt ak yon nati, diferan, . Bondye gen pou pran nonm sa a, epi malmennen l, epi vire l tounen l, fè l soti nan limenm, jouk li atenn nati pa Li a. Ou wè? Apre sa, Bondye trete ak moun sa a. Gade nan tout laj yo, Noye epi Moyiz, pwofèt yo, pa janm gen de nan yo an menm tan. Youn, konstaman, toutolon laj la. Kidonk, si w di: “Nan anpil konsèy, gen sekirite”.

165 Gade non, epi jan m te preche isit la pa gen lontan, nan tabènak la. Te gen Akab, epi te gen Jozafa. Yo ta pral monte lavil Ramòt nan peyi Galarad, pou yo te

repouse. Fondamantalman, yo te gen rezon, peyi a te vrèman pou yo. Epi —Lènmi an, Siryen yo ki te la a, t'ap plen vant pitit yo ak ble ki ta dwe pou Izrayelit yo. Pwopriyete ke Bondye te bay la, kidonk, fondamantalman, sa te sanble byen. "Ann al avè m, epi monte anwo a, pou n pouse yo andeyò peyi a." Oke, sa te sonnen tèlman byen. Fondamantalman, li te kòrèk, men se te kondisyon yo.

166 Jozafa, antan ke yon bon moun, te di: "Men, èske nou pa ta dwe konsilte Seyè a?"

167 Sèten, Akab, retwograd sa a , te di, "Oke, Sèten." Kwayan fwontalye a, ou konnen. Li te di, "O, sètènman, m ta dwe panse a sa. M gen katsan pwofèt ebre. Yo se Katsan, ke m bay manje, pran swen yo. Yo se meyè ki genyen nan peyi a. Nou pral fè yo monte."

168 Epi yo tout ansanm, de komen akò, te di: "Ale monte non. Seyè a avèk ou." Fondamantalman, yo te gen rezon,

men yo pa t sezi absoli sa a. apre sa lè l te di, "Èske pa gen yon lòt?"

169 Li te di, "Wi. Gen yon lòt, men mwen rayi l." Li te di, "Li toujou ap di mechanste sou mwen, ou wè, li toujou fè sa."

170 Ki jan li te kab pwofetize byen, lè tout Pawòl la, Eli ki te anvan l, te di Akab, "Chen yo pral niche san w"? Kounye a, ki jan pwofèt sa a te kab di yon bagay ki pa t volonte Bondye? Epi kouman sa, "Chen yo ta manje Jezabèl, e fimye a ta sou jaden yo, kifè ke yo pa t ka di, 'Jezabèl te repoze la a.'" Avèk yon malediksyon konsa sou yon nonm, kouman yon lòt moun ta ka beni l?

171 Se konsa sa ye jodi a. Kouman yon nonm ka beni bagay sa yo k ap mennen moun pi lwen Bondye tout tan? Gen yon sèl bagay ki pou fèt, si w oblije pran pozisyon poukont ou: madichonnen bagay la, nan Non Senyè a,

epi rete avè l, lè w se absoli a. Ou di: “Ebyen, Frè Branham, ou fè moun rayi w.”

172 Bondye ap renmen m. Sa se absoli m. M pa ka repoze sou yon bra lachè. Ou ta dwe repoze sou Pawòl la, sa Bondye te di fè.

173 Kouman Miche te fè konnen l te gen rezon? Li te tann. Li te gen yon vizyon. Yo te gen yon vizyon tou, men vizyon an pa t konpare ak Pawòl la. Epi jodi a, se menm bagay la. Miche te konpare vizyon l lan ak Pawòl la, epi answit li wè li menm ak Pawòl la te akòde. Jodi a, si vizyon w kontrè ak Pawòl la, kite l trankil li, paske se yon fo absoli. Absoli Miche a te egzakteman annakò ak Pawòl la, kidonk li te kapab kanpe epi di, limenm, sa l te di a, epi—epi kwè li.

174 Lè, yo souflete l nan bouch, epi te di: “Ki wout Lespri Bondye a te pran?”

175 Li te di: “Ou pral konnen I lè w chita anndan chanm nan.”Dakò.

176 Li te di: “Lè m retounen ak kè poze...Ou mete nonm sa a nan prizon, epi lè m retounen ak kè poze,” Akab te di, “M ap regle ak nonm sa a.”

177 Oh, kounye a, Miche, sa k ap fèt ? Yo pral koupe tèt ou lè li tounen. Miche te kanpe la menm jan ak Estefèn. Amèn. Menm jan Senyè m te mache al sou kwa a. Menm jan ak Danyèl ki te antre nan fòs lyon an, oswa Chadrak, Mechèk, Abèdnego te antre nan gwo founo dife a. Absoliman! Li te kanpe la epi I di: “Si w retounen vre...” Poukisa? Li te absoli a. “Si w retounen, Bondye pa janm pale avè m. Koupe tèt mwen alòs.” Li te gen yon absoli. Li te konnen bousòl li a, ki te gide I nan vizyon sa a, te egzakteman ak Etwal nò a. Wi mesye. Lank li a te kenbe, wi, Pawòl la e Limenm sèlman. Si absoli w la, si w gen yon absoli nan lavi w...

178 Te gen yon tan kote, ou konnen, etikèt te gen yon absoli. M pa ka panse ak non madanm sa a, men tout nasyon an te fè konfyans a sa madanm sa a te di. M bliye non li. Mwen t ap ekri yon nòt isit la. Mwen pa t 'kapab panse a non madanm sa a, ki sa l te ye. Men isit la, kèk ane de sa, yo te dwe fè, sa madanm sa a, te di. Si l te di sèvi ak kouto a nan men gòch la, se te— se te sa, se te absoli a. Li te repons pou tout bagay sa yo. Men si w te met fouchèt la nan men gòch la, alò, ou te absoliman antò. Kouman l te rele? [Kongregasyon an di, “Emily Post.” — Ed.] Oh, se sa. Sèten. Ya. Se te li. Kounye a, ou te—ou te absoli...Li te—li te absoli etikèt la. "Li dwe fèt konsa." Tankou, o, anpil bagay ke nou jwenn konsa. Men, nou reyalize, kounye a ke sa fini. Manje jan w vle. Wi mesye. Se sa. Men, sa se te absoli etikèt la. "Yo te oblije fè l konsa."

179 Te gen yon tan kote Adolf Hitler te absoli Almay, kèlkeswa sa l te di. Lè l di, "Sote," yo te sote. Li di:

"Touye," yo touye. Dè milyon jwif, li te eskive tèt li. Ou wè sa ki te rive a jan de absoli sa a? Li te sanble ak pouvwa, men I te kontrè ak Pawòl la. "Ki jan ou fè konnen ke I te kontrè ak Pawòl la?"

180 Bondye te di. Lè Balaram te eseye meprize pèp Izrayèl la, pou madichonnen I, li te di, "Mwen wè I 'tankou yon likòn. Ala tant ou yo dwat! Nenpòt kilès ki va madichonnen w ap madichonnen. Nenpòt kilès ki va beni w ap beni. "

181 Sanble Hitler te ka wè sa. Sanble ke Kreyen Alman sa te kab wè sa, ou wè, absoli sa a. Absoliman kontrè ak Pawòl sa a. Ou konnen, tankou yo te di I la, "Lòm... Bondye fè lòm, men lèzòm fè esklav." Youn ap eseye gouvène lòt la. Nou gen yon sèl chèf, se Bondye.

182 Men Hitler te yon absoli pou Lalmay. Gade sa jodi a. Bon, ou wè sa k te rive? Se te move absoli a. Poukisa? Sa te kontrè ak Pawòl la. E kounye a ou wè ki kote tout sa te ale: nan la wont.

183 E si absolli w nan kèk òganizasyon, oswa kèk sansasyon, oswa yon lòt bagay a kote Pèsòn Jezikri a, ou va abouti a menm pòsyon wont lan, pi mal menm, ou wè, si absolli w se pa Kris. Se sèl poto mitan lavi imen, e Kris se Pawòl la; pa legliz ou, pa pawòl ou. Se Pawòl la! Ou wè? Sou absolli sa Mwen va bati Legliz Mwen,” sou Kris, Pawòl la

184 Te gen yon tan kote Mussolini te absolli Wòm. M pa konnen, mwen ka te li yon atik, oswa sa te ka rive m te li sa nan yon liv, oswa yon moun te di m li, men se kan Mussolini t ap pase yon moun antrevi. Li te...

185 Li te vle—te vle fè Wòm antre nan atlèt, nan zafè atletis. Te gen yon gwo estati li ki te kanpe la, ki gen rapò ak zafè atletik. Se kòrèk. La Grèce te gen ide sa depi dè zane. Wòm te toujou eseye genyen l. Atlèt se annòd, sèlman—sèlman pou zafè atletis. Men—men sonje, sa pap pran plas Kris. Pe enpòt jan w ka gen fòs, sa pa gen anyen pou wè avè l. Li te gen tout-pouvwa a. Ou wè sou kisa li t ap eseye bati Wòm. Li t ap eseye bati Wòm sou yon bagay ki yon absolli, ke li menm te absolli a.



186 E yo pretann ke, yon jou, chofè l—l—l te rive yon minit pi bonè, li te touye l. Li te deklare, “Mwen pat di, ‘pou w la yon minit anvan nevè.’ Mwen te di, ‘Pou w la a nevè.’” Paw! E l te touye l. Ou wè? Ou wè? “Mwen pa vle wè w la yon minit anvan. Mwen vle w la a nevè.” Ou wè? Gade kijan de absoli li t ap eseye fè tèt li. Men ou wè sa k te rive?

187 Sonje, anpil lan nou la, ansyen yo, Roy Slaughter, petèt, ak retounen pi lwen dèyè nan sa, sonje byen lwen lè m te konn ap di nou konsènan pwofesi. Yon jou, anba la nan bilding Odd Fellow a, anvan nou te menm vin isit la, mwen te di, “Mussolini va gen yon fen nan la wont.” Mwen te di, “Premye envazyon l, li va ale nan peyi Etyopi, e Etyopi va tonbe devan pye l. Men li va rive nan fen li, e pèsonn pap ede l. Nan la wont yo va antere l.” Men ni.

188 Mwen te di, “Gen twa ism ki te parèt. Nazis, fachis, ak kominis.” M te di, “ism sa yo va vire touwon pou vin fè yon sèl, e se va kominis. Siveye. Kominis va boule Wòm.” Ou wè?

189 Obsève sa. En-en. Se yon zouti nan men Bondye. Yo panse ke yo kont Bondye. Y ap travay an plen nan sa,

tout tan, san yo pa konnen. Li jis ap itilize yo tankou maryonèt, en-en, yon enstriman nan men L, jan L te fè Nebuchadnezzar ak anpil lòt. Bon remake. Ou wè, kounye a.

190 Te gen yon tan kote Farawon te absoli pou peyi Lejip, men kade ki kote sa ye kounye a? Ou wè? Tout sa echwe.

191 O, se yon movèz espès, kifè yo toujou echwe. Yo se absoli ke men lòm te fè. Ou paka pran yon absoli men lòm te fè. Mwen pa fè ka si se yon–yon prezidan, si se yon diktatè, si se yon wa, si se yon legliz, si se yon òganizasyon, si se yon kredo. Tout bagay sa yo pral peri, jis tankou tout absoli ki fason sa atravè aj yo.

192 Nou ka gade dèyè. Tounen dèyè. Gade moun ki te fè anperè yo konfyans. Gade moun ki te kwè diktatè yo. Gade moun ki te bati espwa yo sou jan de absoli sa yo, epi gade kote yo ye jodi a.

193 Bon ann vire tounen pou ap gade moun ki te mete espwa yo sou Bib la, sou Pawòl Bondye a, epi ki te gade L pou yon absoli. Gade kote yo ye kounye a.

194 Pòl ban nou yon ti apèsi de yo, nan Ebre, chapit 11 lan, sa yo te fè. “Jan yo te fè dè wayòm soumèt, te rann

jistis, ak bagay konsa. E yo te konn ap pwonmennen nan rad ki fèt ak po mouton ak po bouk kabrit. Ke mond lan pa t diy de yo.” [Espas vid sou bann lan—Editè a] Y ap tann nan Laglwa pou gran rezirèksyon sa. Ou wè? Trè byen. Paske yo menm, kèk nan yo, patka–patka reyisi mirak sa yo, yo te livre kò yo, kanmenm, pou ap tann rezirèksyon sa. Pou yo te met fen a vi yo, yo pat fè ka de sa. Yo te vle ale pou sakrifye tèt yo, pou yo te ka jwenn rezirèksyon sa, e se sa yo te fè.

Kounye a, absolli yo, n ap pale la, absolli a.

195 Ou konnen, lakou siprèm nou an se yon absolli. Se absolli a. Se–se pwenn final tout agiman nan nasyon sa. Se vre. Desizyon yo se yon absolli, nan lakou siprèm nou an. Dakò. O, mwen konnen kèk fwa nou pa renmen sa, men se–se yon absolli, kanmenm. Wi, mesye. Sa k t ap rive si nou pa t gen sa? Alò sa t ap kisa? Men se yon absolli. Se sèten ke se sa. Poukisa? Sa, nasyon nou an, gen obligasyon anvè sa. Pa gen al pi lwen. Ki kote w ka ale, apre sa? Ou pral oblije swiv desizyon yo a, se tou. Ou oblije. Yo gen dènnye mo a. Yo se amèn.

196 Ou ka fè pwosè a ak yon tribinal lokal. Ou ka pwosede ak majistra, apre sa al nan federal, nan tout sòt de tribinal. Men kan nou rive nan lakou siprèm, se fini. Dakò. Pafwa nou pa renmen sa, ap di, “Ebyen, m pa renmen desizyon yo a,” men ou te eseye yon fwa chape anba l. Sa se absoli nasyon an. E kisa k t a p rive si nou pa t genyen l? Wi.

197 Nou dwe gen yon absoli. Chak moun dwe gen youn. Ou gen youn. Men sa m ap eseye di w, pou apiye sa la, epi montre w kisa absoli ye.

198 Bon, lakou siprèm nasyon an se absoli nasyon an. Se dènye bout la nan nenpòt jan de diskisyon an. Yo regle sa. Sa yo di a, se fin eksplike.

199 Nan yon match bizbòl gen yon absoli. Sa se abit la. O, ya. Pafwa nou pa renmen desizyon li yo, nan toude sans, men se—se—se sa, kanmenm. Abit la, se desizyon li ki gen dènye mo a, se vre, pe enpòt sa lòt di, sa pa gen anyen pou wè avèk sa. Annou jis reflechi sou sa. Si ou...Mwen pa al nan match bizbòl, men se jis pou glise ide sa. Yon abit, li se absoli nan match bizbòl la.

200 Youn nan moun yo ka di, “Sa se yon bon lanse.” Lòt la ka di, “Ou se yon mantè.” *Sila* ka di, “Sa se fason sa a. Ou dwe fè l *konsa*.”

201 Abit la li menm di “Priz!” Gade tout rès yo k al poze dèyè yo chita. Sa ennève kèk ladan yo. Men mwen ka imagine ke yo dwe manifeste pou ridikilize l, nan kè yo, ak bagay konsa, men se “priz” kanmenm. Poukisa? Se li ki gen dènnye mo a.

202 Nonm ki sou premye baz la ka di, “Ou konsyan ke sa te pase.” Lòt la di, “Ou konnen ke se yon...”

203 Li menm li di, “Priz.” En-en. Se fin eksplike. Se fèmen bouch ou, retounen nan plas ou.

204 Sa k t ap rive si pa t gen yon abit nan match bizbòl sa? O lala! Èske w ka imagine kijan de jwèt sa t ap ye? Youn nan yo k ap di, “Se te yon priz.” Yon lòt la k ap di *sesi*. Yon lòt k ap di *sela*. Yon lòt menm k ap di “Ou se yon mantè.” T ap gen gwo diskisyon ak batay.

205 Pou w gen yon match bizbòl, ou dwe gen yon absoli. E li ap mache la, e pe enpòt si w pa renmen l, ou kwakseswa, li–li se absoli a, kanmenm. Li se absoli a. Pawòl li se final, pe enpòt sa w va di konsènan sa. Se

fason sa. Kounye a, si yo pa t gen sa, tout match la t ap tounen yon galimatcha. Èske se vre [Kongregasyon an di, “Se vre.”—Editè a]

206 Kisa nasyon sa t ap ye si pa t gen yon tribinal federal? Si pa t gen lakou siprèm nan nasyon sa, kisa sa t ap ye? Ki kote yo ta prale? Nasyon an ta p nan yon galimatcha. Si pa t gen yon...

207 Si pa t gen yon abit nan match bizbòl la, sa t ap abouti a, ou patap ko menm fè premye lanse a ke yon moun t ap pran abò w. Yon moun t ap leve la, e petèt li t ap dirije l dirèk sou baz la, epi lòt zanmi an t ap di, “O, non. Non, non. Li patap ka fè sa.” Alò, men bagay la. Premye bal ki lanse a, yo t ap gen pale anpil sou sa. Youn nan yo t ap di, “Sa se te yon priz.” Lòt la t ap di, “Se pa t yon priz.” Ou wè?

208 Ou oblije gen yon moun ki gen responsablite match sa, e sa se abit la. Kan li di, “Priz,” se priz. Si l di, “Bon lanse,” se bon lanse. Kèlkeswa sa l di a, se sa. Se tou. E si w pa t aksepte l, ou patap gen yon match.

209 Kite m montre w yon lòt absoli, se limyè wouj. Yon limyè wouj, kan l endike “estòp” sa vle di rete. Si w pase

sou li, ou va peye pou sa. Men si vil sa pa t gen okenn limyè la, limyè estòp, ki jan de vil sa t ap ye? Ou wè? Li oblije gen yon absoli. Mwen pa fè ka de sa polisye a di, oswa nenpòt lòt moun lan, ki kanpe la. Yo pa enpòtan. Si yon moun ka pwouve ke w te pase sou yon limyè vèt, mwen pa fè ka de sa polisye a di, yo an tò. Kan limyè a di “ale,” sa vle di ale. Sa se absoli a. Ou ka pwouve sa, limyè a di “ale.” Polisye a te ka kanpe kèkpa, majistra vil la ka, kèkpa, sa pa fè okenn diferans. Si w gen prèv ke sa te endike “ale,” ou al fè wout ou. E si yon moun frape w, se fòt li. Ou ka pwouve sa. Se vre.

E nou ka pwouve sa n ap pale de li a. Dakò.

210 Kounye a, sa k t ap rive si pa t gen limyè wouj? Youn t ap bondi pou travèse, e sa...gade kisa sa t ap ye. Youn t ap di, “Hey! Wete kò w sou wout la. Mwen prese. Mwen dwe al travay. Mwen an reta kounye a. M ap pase kounye a.” Lòt la t ap di, “Kimoun ou panse w ye. Paske, se mwen k ap pase, poutèt mwen te la anvan.” E mwen ka wè yon dam soti pou fikse cheve l. Sa k t ap rive si nou pa t gen yon limyè wouj? Èske pa t ap gen bouchon nan trafik la!

211 Se sa pwoblèm lan ye avèk legliz yo. Ou wè? Se vre. Se poutèt rezon sa nou gen yon tèl bouchon denominasyonèl. Ya. Se egzakteman vre. Pèsonn pap fè wonnpòt. Yo ret anplas, ap fè gwo diskisyon.

212 *Men* Limyè Bondye a. Kan L di “ale,” ale. Kan L di “estope, sa rive lwen ase,” alò estope. Se vre. Se la ke nou baze, sou Sa, Pawòl sa, pa sa yon bann moun di, oswa yon pakèt lòt moun di. Jezi di, “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè.” Ann ale. “Ale toupatou nan mond lan, preche Levanjil bay chak kreyati.”

213 Ou konnen, osi bon ke edikasyon ka bon, Jezi pa t janm egzije sa. Se vre. Osi bon ke legliz yo ka bon, bilding, Li pa t janm egzije sa. Osi bon ke lopital ka bon; nou menm, legliz, bati lopital. Se kòrèk. Nou apresye sa. Men Li pa t janm egzije sa.

214 Li te mande Legliz pou, “Preche Levanjil.” E Levanjil pa vin an Pawòl sèlman, men atravè pwisans ak manifestasyon Pawòl la. Pòl di sa. Alò al fè wout ou, manifeste Levanjil, o, lala, si se pa t fason sa.

215 O, nou la, jodi a, ap viv nan yon tan kote nou gen pi bon doktè nou te janm genyen. Nou gen pi bon



medikaman nou te janm genyen pou pratike. Ou konn sa. E nou onore moun sa yo. Nou priye pou yo. Mwen fè sa, e m espere ou fè sa. Moun sa yo, ak konpreyansyon santiman...Yo gen 2 sans ke yo travay avèk yo, se sans wè ak sans touche, e yo...ak sans tandè. Yo travay avèk yon sond sou yon kè, oswa yon–yon sans touche pou yon timè, oswa yon bagay konsa, oswa sans wè yon bagay ke yo ka wè, maladi k ap gaye, oswa–oswa yon bagay sou figi yo, ki kouvri figi yo oswa kò yo, kèkpa. Yo ap travay sou bagay sa yo. Ou wè? Paske se...E yo eseye pran medikaman, ak yon kantite ki va touye sa, men ki pap touye w, e–e latriye. Yo pap...Sa se biznis pa yo, pou travay sou sa. E nou apresye sa. Se trè byen. Men, nou gen pi bon doktè, pi bon medikaman, pi bon lopital, e plis maladi ke nou pa t janm genyen.

216 Nou gen plis enkredilite ke nou pa t janm genyen. Wi, mesye. Egzakteman. Minis yo òganize pwòp tèt yo, e yo gen gwo denominasyon, ap tolere tout bagay, e latriye, jis tout bagay, pou ap fè manm legliz. E yo te ale nan seminè, tankou yon enkibatè k af fabrike poul, epi fè yo ekloze a lèd yon machin ki fabrike yo fason sa, e pafwa yo pa menm konn anyen sou Bondye ke yon Abitan

konnen sou pyès klasik Nwit nan Peyi Lejip la. Sa fabrike yo konsa, e men ni. Ou wè?

217 O, sa nou bezwen nan legliz nou yo se yon nonm ki gen yon absoli. Sa nou bezwen nan legliz Metodis, legliz Batis, legliz Pannkotis, legliz Prezbiteryen, se yon absoli, yon òm de Dye ki ka kanpe fèm ak Pawòl la epi ak Kris, pou mennen kongregasyon sa anba kondisyon sa kote chak manm ap mache nan Pawòl sa, pou ap wè Pawòl sa manifeste, swiv yo. “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè, nan tout mond lan.”

Yo di, “Sa se te bagay pase lontan.”

218 Jezi di, “Ale toupatou nan mond lan, preche Levanjil bay chak kreyati.” Nou poko atenn tout mond lan ankò, e rete yon chemen byen long pou atenn chak kreyati. Ki kantite? “Tout mond lan nèt.” Pou kimoun? “Chak kreyati.” Sa k ap rive? “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè. Lan Non Mwen yo va chase demon. Yo va pale nouvel lang. Si yo pran yon sèpan, oswa bwè bagay ki ka koze lanmò, sa pap nwi yo. Si yo poze men yo sou malad, malad yo va retabli.” Sa se absoli a ki drese la, Pawòl la,

Etwal polè sa, bousòl sa ki rete drèt avè L. Se sa ke nou bezwen.

219 Men nou te pati al bati enstitisyon, òganize moun yo, fè manm yo antre, epi fè gwo diskisyon ak Batis yo poutèt yo pa t kwè fason nou kwè a, ak Methodis yo poutèt yo pa t fè l, fason sa a. Epi—epi nou te ekloze pou vin yon pi gwo seminè, te bati pi gwo legliz, ak ban moun poli ki pi bon, yon pi gwo òg, ak bagay konsa, epi yon foul pi byen abiye, pou ka gen majistra a ak tout moun nan legliz la. E kisa nou te jwenn? Yon pakèt mò, ki te repoze yo sou yon absoli denominasyonèl. Lanmò! O, pa sa!

220 Si m ta mouri nan trajè mwen, absoli mwen se Jezikri, sou sa ou jwenn sa m kwè a, si tout moun t a kite. Yon moun te di, Doktè Davis te di m, “Billy, w ap preche yon tèl bagay konsa, ou pral preche l bay poto legliz yo.”

221 Mwen te reponn, “Mwen va preche Pawòl Bondye a bay poto yo alò, paske Bondye ka sisite timoun pou Abraham apati de poto sa yo.” Dakò. Pawòl Bondye a vrè.

Li te di, “Ou panse y ap kwè w?”

222 Mwen te di, “Sa pa...Sa se pa biznis mwen. Se responsablite m pou m rete fidèl a Pawòl sa.” Se vre.

223 Li te di, “Ou panse ou ka al rankontre yon mond enstwi konsa, avèk yon teyoloji avèk–avèk gerizon Divin?”

224 Mwen te reponn, “Se pa gerizon Divin pa m. Se pwomès pa L. Li te Sila ki te bay komisyon an.”O!

225 E mwen sonje kan Li te desann la nan gwo Limyè sa, kanpe laba nan fon rivyè a, an 1933, an Jen, kan L te di, “Menm jan–menm jan yo te voye Jan Batis pou prepare premye vini Kris la, Mwen voye w avèk yon Mesaj pou mond lan, pou prepare dezyèm Vini Kris la.” E Sa te ale toutotou mond lan, kan dife revèy te pran depi kenz lane sou prèske chak montay. Gerizon Divin atravè nasyon yo, ak pwisans, epi restorasyon.

226 E kounye a mwen kwè Li prè pou atenn pwen kilminan sa laba, pou mennen yon Fwa ki va anlve Legliz nan Laglwa. E Sa etann nan Mesaj yo. Nou vrèman nan tan lafen an. Nou te pale de sa, ak tout bagay, men bagay la te travèse monte sou nou kounye a. Ya. Wi, mesye. Men youn la. Se vre.

227 Li–limyè wouj la, jan m te di a, sa regle kesyon an. Se tou. Limyè wouj la di w kimoun ki gen dwa pase. Pe

enpòt sa nenpòt lòt moun di, se sa limyè wouj la di. Ou ka reyèlman gen yon gwo blokis trafik si w pa—si w pa fè ka de limyè wouj la. Dwe gen yon absoli. Wi, mesye.

228 Jis menm jan pou Legliz, dwe gen yon absoli. Pou moun nan Legliz, ou dwe gen absoli pa w.

229 Men, de no jou, chak legliz gen pwòp absoli pa l. Ou wè? Piga w eseye pran, “Nou menm Batis nou kwè sesi. Nou menm Metodis nou kwè sesi. Nou menm Prezbiteryen nou kwè sesi. Nou menm Pannkotis nou kwè sesi.” Sa kòrèk, men poukisa w pa pran rès Bagay la? Kisa ki fo ak rès Bagay la?

230 “Nou menm Batis nou kwè nan imèsyon.” Se byen. Sa k rive ak batèm Sentespri a, kounye a? Sa k rive ak pale an lang? Sa k rive ak don gerizon? Sa k rive ak pwofesi? “O, non. Nou pa nan sa. Sa, se te pou yon lòt aj.” O, gason mwen!

231 Pannkotis, ou di, “Ebyen, nou menm nou kwè nan pale an lang, kòm evidans lan.” Sèten, pale an lang se kòrèk, men se toujou pa evidans lan. Anpil moun pale an lang, se vre, e se pi lwen yo te janm ale. Dyab la ka imite nenpòt don ki genyen, nenpòt don ki nan Bib la.

232 Pòl di, “Menm si m ta pale langaj lèzòm ak Anj yo, menm si m ta bay kòm pou yo boule antan ke sakrifis, menm si m ta vann tout byen m pou bay pòv manje, e menm si m ta gen fwa pou deplase montay, menm si t al nan seminè e m te aprann tout konesans ki genyen pou aprann, mwen toujou pa anyen.”

233 Se Pèsòn Kris la. Kris, resevwa Li, e ou paka resevwa L san w pa resevwa Pawòl Li. Pawòl la dwe vin an premye, apre sa Lavi antre nan Pawòl sa pou manifeste Pawòl sa.

234 Èske Jezi pa t di, “Si m pa fè zèv Papa M, alò piga w kwè M”? Se te Pawòl Bondye a ki te manifeste. Bondye te nan Kris, ap rekonsilye, ap eksprime Tèt Li pou mond lan, sa Li te ye a. Sa se te—se te absoli a. Se te absoli Etènèl la la.

235 Bon ou di, “Èske se sa ki Etènèl la, Frè Branham?” Se te sa. “Alò sa k rive a jodi a?”

236 Jezi di, “Moun ki kwè nan Mwen an, zèv Mwen fè yo li va fè yo tou.” Se menm absoli a. Dakò.

237 Chak moun gen pwòp absoli yo. O, la la! Se jis tankou l te ye nan tan jij yo, “Chak òm te gen pwòp—pwòp

absoli pa l. Li t ap fè jis sa l te vle fè. E se fason sa li ye kounye a. “Chak òm te kòrèk nan pwòp jye l.” Bon, ou konn rezon kifè yo te fè sa nan tan Jij yo? Sa ka choke jis on tikras. Men rezon kifè yo te fè sa nan tan Jij yo, se paske yo pa t gen pwofèt nan jou sa yo, pou ke Pawòl Seyè a te vin a limenm. Kifè chak òm te ka fè sa l te vle, nan pwòp jye l.

238 E se egzakteman sa k rive jodi a. Nou pa gen pwofèt nan jou denominasyon sa yo, men Bondye te pwomèt nou youn. Ou wè? Ou wè? E Li te fè l. Nan dènye jou yo, Li va leve pou voye Eli sou sèn lan ankò, “E li va fè kè timoun yo tounen al jwenn Fwa papa yo,” retounen nan pannkot orijinal la. Ou konnen L di sa.

239 Kounye a, mwen konnen ou pral refere w, tankou Li te fè l la pou Jan, la nan–nan Matye chapit 11, vèsè 6, mwen kwè se sa, kan yo te di, “Kimoun Ou panse nonm sa te ye, Jan?”

240 Li di, “Si w ka resevwa sa, se sila ke yo te pale de li konsa a, ‘Men ni, M ap voye mesaj M devan fas Mwen.’” Sa se Malachi 3, pa Malachi 4.

241 Men, sonje, si se te Malachi 4, alò Pawòl la fayi, paske Li di, “Jis nan moman sa, lemond antye t ap boule, e moun ki jis la t ap mache sou sann mechan an.” Non. Piga w melanje sa, frè. Fè L di jis egzakteman sa L di a. Se vre. Li te pwomèt sa nan dènye jou a, e sa pral rive drèt nan mitan l.

242 Sonje, epòk jij yo, chak òm t ap fè sa l te vle. Pa t gen pèsonn, pèsonn ki te ka fè Pawòl sa viv. Pa t gen ankenn pwofèt. Pawòl Seyè a toujou vin jwenn pwofèt la. Dakò. E yo toujou rayi l. Sof ti gwoup ki renmen L lan, ou wè. Men, m vle di, se te toujou sa.

243 Bondye pa chanje metòd Li, Li paka fè sa, epi rete Bondye. Si jamè Bondye di w fè yon bagay, Li dwe fè l pwochè fwa a. Kan kriz sa rive, si L pa aji dezyèm fwa a jan L te aji premye fwa a, Li te mal aji premye fwa a. E kimoun k ap akize Bondye kòm kwa L ap aji mal? Kimoun ou ye, pou asosye Bondye ak peche? Se sa Jezi di, “Kilès lan nou ki ka akize M ke Mwen peche?”

244 Kisa peche ye? Enkredilite. “Sila ki pa kwè a deja kondane.”



245 “Kilès lan nou ki ka montre M ke Mwen pa t akonpli tout sa Mesi a te dwe fè?” Ou wè? Pèsonn pa t ka di yon mo. Li te akonpli sa. Mesi a te yon Pwofèt, e Li te pwouve ke se sa L te ye. Yo pa t gen yon pwofèt depi dè santèn dane, depi Malachi, e la Li te parèt sou sèn lan. Li te yon mistik pou moun yo, e pou legliz yon wòch ki fè moun bite.

246 Paske, Li te di, “Gade, Mwen tabli nan Siyon, yon pyè angilè, Youn ki presye, ki pase pa eprèv, o, yon wòch ki fè moun bite.” Ya. “Men nenpòt moun ki kwè nan Li pap wont.” Se vre. Li te la. E sa jis te akonpli egzakteman Lèzekriti. Men sa yo ki te kwè nan Li te gen yon absoli.

247 Ti Marthe, kan I te wè Laza soti nan tonbo, li te konnen Kimoun sa te ye. Menm anvan Sa te fèt, li te gen konesans absoli a. “Mwen kwè ke Ou se Fis de Dye a, ki te dwe vini nan mond lan. Menm kounye a, menm si frè m lan mouri, jis pwononse pawòl la Bondye ap fè I.” Amèn. Li te absoliman pozitif. Se vre. Kan Li...Manzè te di sa, e li te di I ak tout kè l.

Li te reponn, “Ki kote nou antere I?”

Manzè te di, “Vin wè.”

248 Men Li ki te kanpe la, ak yon vizyon. Paske, Li te di, “Mwen pa fè anyen si Papa a pa montre M li dabò,” Sen Jan 5:19.

249 Li te voye L ale lwen, te pati kite kay Laza. Yo te voye chèche L pou L vin priye. Li te konnen Laza ta pral mouri. E apre yon sèten tan, Li te di, “Zanmi nou, Laza, ap dòmi.”

Yo te di, “Konsa li byen.”

250 Li te reponn, “Li mouri. E pou benefis pa nou, Mwen byen kontan M pa t la.” Yo t ap mande L pou priye pou li.

251 Alò Li te retounen, pou di, “Men Mwen pral reveye I.” O, la la! (Pa, “Mwen pral wè sa M ka fè.”) “Mwen pral reveye I.” Poukisa? “Papa a te deja montre M senpleman sa pou M fè.”

252 Li te desann al nan tonbo a. Men yon Nonm ki te kanpe la. Men Bondye ki te kanpe nan lachè, ki te ka di gwo wòch sa, “Fonn tounen pousyè,” e sa t ap fèt. Men Li te di fanm sa yo, pòv ti fanm sa yo, jenn ti fanm, Li te di, “Wete gwo wòch sa.”

253 Ou gen yon bagay pou w fè, tou. Ou wè? E yo te woule gwo wòch la. E sa te fè yo dekonpoze; sa te tèlman santi movè.

254 La, Li te kanpe la. O, la la! Mwen ka wè L ki te ramase ti kò fragil sa. Paske, Bib la di, “Pa t gen ankenn bote ki pou te fè nou dezire L.” Li pa t trè atreyan pou gade. Ou wè?

255 Jis tankou David, yo te chwazi l pou wa kan li te jis yon ti bagay ak cheve kannèl. Ou wè?

256 “Tout gwo gran mesye sa yo,” li te di, “èske li patap bo ak yon kouwòn sou tèt li? Jesse te di, Pran pi gran pitit gason sa.”

257 Samyèl te di, “Bondye refize l.” Li te mennen tout pitit gason l yo. Li te di, “Ou pa gen yon lòt?”

258 “Ya, nou gen youn, men li pap sanble ak yon wa. Bon, li on tijan, zèpòl-tonbe, yon nèg ak aparans- cheve kannèl.”

“Al, chèche l.”

259 E osito ke l vini, li t ap mache devan pwofèt sa, Lespri te tonbe sou li. Li te kouri ak lwil sa, vide l sou tèt li, pou di, “Sila a se wa pa w.” Se fini. Wi, mesye.

260 Jezi te kanpe la, zèpòl-tonbe, petèt, deja blanchi alòske Li potko menm pase trantèn Li. Bib la di, “Li ka te parèt tankou l gen karant lane.” Jwif yo te di, “Ou se yon Nonm ki pa menm—pa menm gen senkant lane, e Ou di Ou te wè Abraham?”

Li te di, “Anvan Abraham te egziste, MWEN YE.” O lala! Sen Jan 6.

261 Apre sa, nou te vin jwenn, Li te kanpe la, toupre tonbo a, Li te konnen ke vizyon sa te dwe ateri. Li te konnen sa te dwe rive. “Wete gwo wòch sa.” Li...

262 Sa te santi movè, vlope nan abiman kadav, li te mouri depi kat jou. Nen li te deja tonbe, tout tan sa.

263 La, Li te kanpe, Li te ramase ti kò piti Li a. “Mwen se rezirèksyon, Lavi.” Hmm! “Sila ki kwè nan Mwen, menm si l ta mouri, li va viv kanmenm.” Di m yon nonm ki ka janm fè yon deklarasyon konsa. “Nenpòt moun k ap viv e ki kwè nan Mwen pap janm mouri. Èske w kwè sa?”

264 Li te reponn, “Ya, Seyè.” Menm si Li te fayi a limenm, an aparans. Lè l te voye rele l, Li pat vini. Li te voye chèche l ankò; Li pat vini. Men la li di, “Mwen konnen Ou se Kris la ki te gen pou vini nan mond lan.”

265 Li te di, “Laza, soti.” E men yon nonm ki te mouri depi kat jou. Poukisa? Kisa? Kris te absoli a. Li te wè vizyon an. Sa patka echwe. Se vre. Sa patka echwe. Li te absoliman sèten.

266 E Marthe te absoliman sèten. Si li te ka mennen l rekonèt ke li te kwè Li la, li t ap jwenn sa l te mande a. Dakò. Men yo te la. Absoli a, sa te konekte ak Pawòl la, epi se te fini.

267 Jodi a tout òm, nan pwòp jye l, fè sa ki sanble bon, paske pa gen pwofèt. Gade nan tan jij yo.

268 Gade nan jou lè Eli-...Mwen kwè se te Eli oswa Elize, youn nan yo. Ya. Lè, ti bebe ki te mouri a. Fanm Sinamit lan–lan, li te fè...

269 Eli te òm de Dye nan jou sa, pa jis yon bon anseyan entèlijan. Enben, li te vye nèg sa ki t ap pwonmennen. Èske w...Vini, si l ta prezante l nan pòt kay ou jodi a,

pwobableman ou t ap chase l byen lwen. Tout on nasyon te rayi l. Jezabèl ak tout lòt rès yo te rayi l.

270 Paske li te chita nan Mezon Blanch pou l te fè tout medam yo aji fason l te konn fè, e yo tout te konn imite l. E Akab te konn vire tounen, tèt li te konn vire tounen, pa pwisans manzè. Nou pa twò lwen sa jodi a. Jis apeprè menm bagay la, e men–men ou. E yo tout se te popilarite. E, o, yo tout te fè yon gwo pil.

271 Men vyep ti Sinamit sa! Pa yon fanm Sinamit, men ki toupiti...Wi. Mwen kwè li te yon Sinamit. Kan l te vini epi l te wè ke pwisans sa te nan Eli, li te di, “Mwen disène ke li se yon nonm sen.” E lè ti bebe sa te lonje mouri, li te di, “Prepare milèt sa epi piga w rete.” Li te monte la. Li te konnen. Mwen renmen sa, fason li te vini an. Li t al kot absoli li, pwen d ankraj li.

272 Eli te di, “Men Sinamit sa k ap vini. Li gen tristès. Men mwen pa konnen kisa k pa va.” Ou wè? Bondye pa montre sèvitè l yo tout bagay; jis sa l vle yo konnen. Kifè li te di, “Kè li atriste, men mwen pa konnen.” Li te di, “Kouri, al wè, Geyazi, epi gade kisa k pa va.”

273 Li di: “Èske tout bagay anfòm pou ou? Èske tout bagay anfòm avèk mari w? Èske tout bagay anfòm avèk pitit gason w?”

274 Swiv li. Oh lala! Se sa. Li di: “Tout bagay byen.” Poukisa? Li te rive devan absoli li. “Tout bagay byen.”

275 Epi li mete l a jenou. Li tonbe, premyèman, nan pye li. Epi Geyazi leve li, “Sa pa bon,” devan mèt li-li. Li leve li. Epi li kòmanse rakonte li.

276 Bon, li pat gen absoli kounye a. Li konnen ke li te gen pouvwa, pa vizyon an, pou ba li pitit la. Men kounye a kisa l te fè? Li pran baton li epi li antre nan chanm lan, li fèmen tout pòt yo, epi li fè tout lòt yo soti. Li mache monte desann nan chanm lan. Li te genyen on absoli, si sèlman li te ka kontakte L. Ale tounen, monte desann nan chanm lan! Oh lala! Toudenkou li santi on Bagay ki frape l. Li lonje sou bebe a. Li leve ankò, epi li elwaye l. Bebe a-a on ti jan bouje, li rechofe li. Li leve ale tounen. Li pat genyen on bon kontak avèk absoli a. “Kisa l te ye, Seyè? Kisa Ou di m fè?”

277 San dout, lè li tounen, li wè yon vizyon, ti gason sa a k ap kouri, k ap jwe, k ap sote kòd, on lòt bagay konsa, k

ap jwe. Li jete kò l sou bebe a. Li kole nen l sou nen li, bouch li sou bouch li, epi pwisans Bondye a ramne bebe a a lavi.

278 Kisa l te ye? Absoli fanm lan se te pwofèt la. Absoli pwofèt la se te Bondye. Epi ansanm, avèk Pawòl la, “Mwen se rezirèksyon e Lavi.” Mwen wè pwisans Bondye a. Kreyatè a ka fè tout bagay. Li resisite bebe a. Sètènman.

279 Rezon kifè ke chak moun te aji fason pa li, se paske yo pat gen pwofèt pou resevwa Pawòl Seyè a. Pawòl la epi pwofèt yo te manke nan tan sa a.

280 O, mwen te wè sa nan konvèsyon mwen, apwopo de epòk ke nou tap viv la. Mwen tèlman kontan ke Bondye pran te mwen anvan ke legliz la te fè l. Mwen tap pwobableman yon enfidèl. Wi, mesye. Mwen... Tout konglomera sa a, yon dezòd, epi tout moun kap di: “Ebyen, vini epi rantre nan pa nou an. Epi si nou pa fè sa, ebyen, nou ka pran lèt nou epi al rantre nan lòt la.” Oh! “Èske nou pap pote lèt nou nan kominote nou?”

281 Mwen kwè ke gen yon lèt, se lè Kris ekri non w nan Liv Lavi Ayo a. Se sou sa sèlman ke w jwenn sa.



282 Lè mwen wè tout denominasyon yo! Orijin nou se Ilandè, ki te Katolik nan tan lontan. E mwen te wè ke sa te koronpi epi pouri. Mwen te ale nan yon sèten legliz denominasyonèl isit la nan vil la, yo di mwen: “Oh, nou se chemen an, Laverite, Limyè a. Nou gen tout.” Mwen te ale nan yon lòt New Albany, “Oh lala! Moun sa yo pa konn de kisa y ap pale.” Katolik yo te di: “Nou tout gen tò.”

Mwen te panse: “O la la!”

283 Mwen tap jwe avèk on ti gason Literyen. Epi mwen te panse... On ti Literyen Alman. M al wè li, epi mwen di: “Ki bò w al legliz?”

“M ale nan legliz sa a.”

284 M ale, epi mwen dekouvri ke yo tap di ke se yo ki te chemen an. M ale kay Frè Dale, nan legliz Batis Emmanuel, epi, ou Premye Legliz Batis la. Yo di: “Sa se chemen an.” M ale nan legliz Ilandè a, epi yo di: “Ebyen, sa se chemen.”

285 “Oh lala! Mwen tèlman pèdi bousòl. Mwen pa konn kisa pou fè. Men mwen vle an lòd.” Mwen pat konn kisa pou m te fè. Epi mwen pat konn kijan pou m te repanti.

286 Mwen ekri yon lèt. Mwen te panse: “Mwen wè L nan forè a.” Mwen ekri L on lèt. Mwen di: “Chè Mesye, mwen konnen ke Ou pase pa chemen sa a, paske m vin isit pou chase ekirèy. M konnen ke Ou pase la a. M konnen ke Ou isit la. M vle ke Ou. M vle di W on bagay.”

287 Mwen te panse: “Kounye a, tann on minit. Mwen-mwen pa janm wè pèsòn ke m pa. M vle pale a Sa. Mwen-mwen vle pale avè L. M vle pale avè Li.” Mwen te panse: “Ebyen, kounye a, m pa konn kijan pou m fè l.

288 Epi mwen ale nan depo a epi mwen mete m ajenou, te gen dlo, li te mouye. La a, te genyen on vye ti machin kraze. Mwen di: “Mwen kwè ke m wè yon imaj, mwen kwè ke yo mete men yo *konsa*.” Epi mwen mete m ajenou. Epi mwen di: “Kounye a, kisa m pral di?” Mwen di: “Gon jan pou nou fè l, e m pa konnen l. Mwen konnen gon fason pou apwoche tout bagay. E mwen pa...” Mwen di: “Mwen pral mete men m *konsa*.”

289 Mwen di: “Chè Mesye, mwen ta renmen ke Ou vin pale avè m, jis on moman. Mwen vle di W kijan m pa bon.” Mwen kenbe men m *konsa*. M tande.

290 Gen de moun ki di: “Bondye pale avè m.” E mwen te konnen ke L pale vre, paske mwen te tandè L lè m te timoun, Li te di m “pa bwè” epi lòt bagay.

291 Li pat reponn mwen. Mwen di: “Petèt ke m te dwe mete men m *konsa*.”

292 Alò mwen di: “Chè Mesye, mwen pa konn kijan pou m fè egzakteman, mem m-m espere ke Ou pral...Èske W ap ede m?”

293 Epi chak predikatè te di m, vin jwenn pa yo, epi yo te kanpe epi yo te di ke yo te pran Jezikri, epi ke yo “kwè ke Jezi se Pitit Bondye.” Demon yo kwè menm bagay la.

Alò mwenpanse: “M dwe gon bagay ki pi bon pase sa a.” Non. Mwen te chita *konsa*.

294 Mwen li kote Pyè ak Jan te pase nan pòt la ki rele Bèl, epi te gen yon nonm enfim, depi nan vant manman l. Li di: “Mwen pa gen ni lajan ni lò, men sa m genyen an...” Oh, mwen te konnen ke m pat gen sa a.

295 Alò mwen te-te eseye konnen kijan pou m fè l. Mwen pat konn kijan pou m te priye. Mwen te pran men m, apres a mwen mete m *konsa*.

296 Epi, natirèlman, Satan rive sou sèn lan nan moman sa a, epi li di m: “Ou wè, ou tann twò lontan. Ou deja gen ventan. Pa gen nesesite eseye l kounye a. Wi.”

297 Alò mwen te kraze nèt, epi mwen te kòmanse kriye. Epi apre, lè m te vrèman kraze, mwen di: “M pral pale. Si W pa pale avè m, mwen pral pale avè W, kanmenm.” Alò mwen-mwen di: “Mwen pa bon. Mwen wont tèt mwen. Mesye Bondye, mwen konnen ke W ap tande m, on kote. W ap tande m. E mwen wont tèt mwen. Mwen wont ke mwen te neglije W.”

298 Nan moman sa a, mwen leve je m, epi on santiman etranj anvayi m. On Limyè te parèt la a, ap deplase nan pyès la, epi Li fè yon kwa, *konsa*. Epi yon Vwa, ke m pat janm tande nan vi m, te pale. Mwen gade Li. M te frèt, toupatou, la pè te anvayi m. M pat ka bouje. M te kanpe la a, ap gade L. Epi L ale.

299 Mwen di: “Mesye, mwen-mwen pa konprann langaj Ou.” Mwen di: “Si W pa ka pale pa m lan, epi mwen-mwen pa konprann pa W la, epi si W padone mwen... Mwen konnen ke mwen sipoze konsidere nan kwa sa a, on kote, ke peche mwen te sipoze repoze la a. Epi-epi si W pral

padone mwen, annik tounen epi pale nan pwòp lang Ou. E map konprann dapre sa, si W pa ka pale lang mwen.” Mwen di: “Jis kite L tounen, ankò.

300 Men L te la a, ankò. O la la, papa mwen! La a mwen resevwa yon absoli. Amèn. Wi, mesye. Mwen te santi tankou yon—yon chay karant tòn ki te leve sot nan zepòl mwen. M te travèse planche sa a, kote m pat menm ka manyen atè a.

Manman m te di: “Billy, ou sou nè.”

Mwen di: “Non, manman, m pa konn sa k te rive.”

301 Te gen yon chemen d fè dèyè la a. M kouri desann chemen d fè a, ap sot anlè, jis otan m te kapab. M pat konn kijan pou m eksprime santiman m. O, si m te konnen kijan pou m rele! M tap rele, men nan pwòp fason pa m, nou wè.

302 Kisa l te ye? M te ankre nanm mwen nan yon refij repo. Sa te regle kesyon an. Se te absoli mwen. La a m te jwenn on bagay, pa kèk mistik, kèk lide. M te pale ak Nonm lan. M te pale ak Nonm sa a ki te di m “pou pa janm bwè, oswa fimen, oswa fè nenpòt bagay ki tap souye” m ak fanm e latriye. La a m te jwenn on bagay, lè m tap vin

pi gran, m tap gen yon travay pou m fè. M te kontakte Li; pa legliz la. M te kontakte L, Limenm! Wi, mesye. Li te Sila a.

303 Tankou kanmarad sa a isi a ki tap pale, kay Kiwanis yo, pa...touswit apre Premye Gè Mondyal la. Frè Funk, ki kanpe la a, etan on sòlda. Li di ke I te...Se yon ti, on sòt de blag. Se pa on plas pou fè blag, men, men sa I te di. Li te isi a nan New Albany.

304 Epi I te di: “Kaptèn lan te fè n soti, te di nou: ‘Tout peyi sa a la a antoure ak Japonè. Demen, ti mesye, nou pral atake. Nou dwe pran yo.’ Li te di: ‘Sonje, ti mesye, gen anpil nan nou ki kanpe isi a, jodi a, ki pap la a demen. Yo pap isi a demen. N ap atake, nan maten, lè solèy pral leve,’ li te di: ‘Kounye a chak moun gen pwòp relijyon I.’” Mesye sa a te di: “E m pat gen okenn relijyon.” E li te di: “M te di...”

305 M te di: “M te kanpe la a. e tout lòt yo...” li te di: “Men yon **omonye** vini, epi I ale nan direksyon sa a; epi yon Pwotestan te ale nan direksyon sa a; epi Jwif lan te ale nan direksyon sa a; epi katolik lan te ale nan direksyon sa a; ak **omonye** yo.” Mwen te di: “M te kanpe la a.”

306 Epi I te di: “Ofisye kòmandan an—an te di m, li te di: ‘Gason, pito w ale nan relijyon w.’”

Li te di: “M pa gen okenn.”

307 Li te di: “Pito w al pran youn, paske w pral bezwen youn touswit. M sèten.”

308 Epi I te di, apeprè nan moman sa a, li te wè on gwoup kap pase, epi se te Katolik. Li te apwoche epi li te di prèt sa a: “Èske w te ka ban m enpe relijyon?”

Epi I te di: “Vini.”

309 Li te di: “Li te antre epi te fè l vin on Katolik.” E la a nan New Albany, te gen John Howard ak on gwoup nan vrè Katolik wayal sa yo ki te chita la a, nou konnen, lè mesye sa a tap di sa.

310 Epi I te di—li te di: “Jou apre an nan konba a...” Li tap pale de, o, kijan sa te ye. Epi te di li te on gran gwo moun, nou konnen. Epi I te di: “Yo vin ap batay ak men, epi yo te jis ap ponyade ak kouto, epi ap rele, epi ap koupe, epi ap tranche.” Li te di: “Liy yo te vin mele. Yo vin dwat nan viwonn lan, kote Japs sa yo te kite yo mache

dwat ladan l, kon sa. Epi gwo vye mitrayèt sa yo ap rele fò, sot tout kote. Yon konba kò a kò!”

311 Li te di: “Direkteman, m te kanpe, lontan, kon sa.” Epi l te di: “Tout bagay, rèl ak eksitasyon, ou pat ka tande tèt ou.” Li te di: “Gen san.” Te di: “M te gade, epi se te san m.” Li te di: “M te gad *isi a*. Te gen yon twou **bò kot mwen**.” Li te di: “Se te san m.” Epi l te di: “Mwen, nou konnen, mwen—mwen—mwen...”

E yon vrè...yon zanmi Katolik, m pap di sa pou—pou plezi kounye a, men yon vrè Katolik wayal te di—te di: “Èske w te di yon *Je Vou Sali Mari*?”

312 Li te di: “Non, mesye.” Li te di: “Se te san m. M pat vle okenn sekretè.” M te di: ‘M vle pale ak Nonm prensipal la.’ Se te—se te san m.”

313 M panse se apeprè fason l ye a. Wi, mesye. Se fason l fèt la. Nou dwe gen **on poto pou ankre**, yon absoli.

“M pat gen okenn tan pou sekretè Li. Li te di: “M vle pale avè L.”

314 E se sa, frè. Lè yon nonm vin nan Kris, ou pa vle pran kèk pawòl predikatè, kèk pawòl sekretè, kèk lòt bagay.



Noumenm Pwotestan, pa pran sesi, sela, oswa se lòt bò. Al nan absoli sa a, jouk nou ankre la a pa nouvo Nesans lan, se pou ne de nouvo epi ranpli ak Sentespri a, e nou wè Bib la ap manifeste nan imilite ak lanmou nan vi nou. O, lè sa a, se absoli nou. Wi, mesye.

315 M te li nan Pawòl la kote L se Pawòl la. Lè, legliz Almann lan te di se fason sa a; epi Methodis la, ak Batis la, ak Katolik la. Men m te li nan Pawòl la kote Li te di: “Sou wòch sa a M ap bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè a pa ka **triyonfe** kont Li.”

Koute byen, antan n ap fenmen. Kounye a Pwotestan an di...

316 Kounye a, Katolik la di: “Li bati L sou Pyè: ‘Ou se Pyè, e sou wòch sa a...’” Non, Li pa janm fè l. Si se te sa, li te retwograde touswit. Yo te bati l sou yon nonm.

317 Kisa L te fè? Pwotestan an te di: “Li te bati L sou Limenm.” Non. Li pat fè l. Pat bati L sou Limenm.

318 Kisa L te fè? Kisa? “Kisa lòm di ke Mwen, Fis de lòm lan, ye?”

“E kèk te di Ou se ‘Eli,’ epi ‘Moyiz.’”

Li te di: “Men kisa nou di?”

Pyè te di: “Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.”

319 Gade pawòl yo kounye a. “Ou beni, Simon, pitit Jonas. Lachè ak san pat revele w sa. Ou pat janm aprann li pa kèk prèt. Ou pat janm aprann li pa kèk seminè. Men Papa M ki nan Syèl te revele L ba ou. E sou wòch sa a,” revelasyon espiyèl Pawòl la, “M ap bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè yo pa ka **tryonfe** kont Li.”

M te panse: “Seyè, se sa.”

320 M te li bò isi a nan Liv Apokalips lan, 21 chap-...chapit 22, kote L te di: “Kèlkeswa moun...” Sa se Bagay konplè a. “Kèlkeswa moun ki va enjekte yon bagay nan Li; kèlkeswa moun ki va retire Yon Bagay sot nan Li, renye Se sa; oswa kèlkeswa moun ki va eseye fè L on tikal pi bon, poli Li pou jou an. Kèlkeswa moun ki va ajoute ladann oswa retire, menm lan pral retire, pati pa l la, sot nan Liv Lavi an.”

321 M te di: “Alò, se tout sa m bezwen, Seyè, se kwè Sa a.” E nan Sa a, kwa sa a laba a, Kris la te vini. Li pafè, ale nèt, chak Pawòl ke L te janm di. Pran Liv lan nan men sa a, listwa nan men sa a, epi jis konfime desann tou dwat,

se pafè. E m te di: “Alò, Seyè, resevwa m.” E lè m te fè sa, m te resevwa Kris, Sentespri an nan kè m, absoli mwen. Se pat mwen.

322 M te malad on fwa, lè **mwen**...m te pèdi madanm mwen. M te pèdi bebe m. O, m te pèdi papa m, epi m te pèdi frè m, epi m te pèdi bèl sè m. E Billy te lonje, ap mouri, epi—epi m te jis prèske pati. M ta pral monte wout lan, ap kriye, a pral nan tonm li; epi li ak bebe a, epi bebe a nan bra l. A pral nan tonm lan. M tap mache monte. Mesye Isler te abitye vin isi a epi jwe, nou konnen, Senatè leta Indiana an. Li tap vin sou wout lan. Li te kanpe m. Li te kouri la a, mete bra l nan kou m. Se te apre inondasyon 37. Li te di: “Kote w prale, Billy? Anwo la a?”

Epi m te di: “Wè.”

Li te di: “Sa w pral fè anwo la a?”

323 M te di: “M ap koute yon vye kolonm.” M te di: “M chita la a bò kot tonm bebe a ak pa l lan. Yon vye kolonm desann la a, epi l pale avè m”

“O,” li te di: “Billy!”

324 M te di: “Ya. E m tandé chwichwi fèy yo lè yo jwe l. Li jwe mizik pou mwen, Mesye Isler.”

Li te di: “Ki kalite mizik li jwe?” li te di.

Gen yon Peyi pi lwen rivyè a,

Ke yo rele sa dous pou tout tan,

E nou sèlman atenn rivaj sa a pa **degre** lafwa;

Youn apre youn nou atenn pòtay la,

La a pou abite ak imòtèl la,

Lè yon jou yo va sonnen klòch lò sa yo pou oumenm avè m.

325 Li te di: “Billy, m vle mande w on bagay.” Li te di: “Kisa Kris vle di pou ou kounye a? Kisa Kris vle di pou ou kounye a?”

326 M te di: “Li se Lavi m, tout mwen. Li se tout sa m genyen, Mesye Isler. Li se **dènye bout** mwen—mwen. Li se tout sa m ka kenbe.” Poukisa? Te gen yon bagay ki te rive: “Sou wòch sa a!”

327 Li te di: “M te wè w kanpe isi a nan kafou a epi preche, jouk ou sanble tankou w ta pral mouri. M te wè w, tout lè lannwit, monte desann lari yo, **ap rele malad**. E apre L te pran pwòp madan m ou, ak pwòp bebe w, ou toujou sèvi L?”

328 M te di: “Si L touye m, poutan m fè L konfyans.” Poukisa? Ankray mwen kenbe nan vwal la. M te gen yon absoli. M te mare tèt mwen ak Pawòl Li, epi Pawòl Li tap kenbe. Li se absoli mwen. M te dekouvri, tout lòt bagay sa yo ka fayi, men Kris pa ka janm fayi.

329 Legliz Katolik la gen yon pap pou yon absoli. Pwotestan an gen evèk yo, ak kredo yo, ak sipèentandan jeneral yo.

330 Men, Mwen, tankou Pòl...Gen kreyon nou? Poze on bagay. Nan...Pòl te di, nan Ak chapit 20 ak vèsè 24: “Okenn nan bagay sa yo pa **aji sou mwen**.” O, nou ka gen kredo yo, nou ka gen kèlkeswa sa nou vle, men bagay sa yo pa **aji sou mwen**.

M te ankre nanm mwen nan yon refij lapè,

Pou navige lanmè sovaj yo, e pa konn kote w ye, (direksyon sa a, direksyon sa a), ankò;

Tanpèt la ka bale loraj sovaj fon an,  
Tout ka **chavire**.

Men nan Jezi mwen nan sekirite pou tout tan.

331 Ya. Okenn nan bagay sa yo pa aji sou mwen, paske m mare ak yon ankray. “O, depi m te rankontre L,” Pòl te di: “sou wout sa a, m te mare nan yon ankray. Li te vire m tounen. Li te fè m rekòmanse dwat.” Sonje, Pòl te fè pati de yon òganizasyon tou, pi gwo an nan peyi a, men li te mare ak absolè an.

332 Koute. M vle di nou on bagay. Li te gen yon objektif nan sove mwen. Li te gen yon objektif nan sove nou. E m deside, pa volonte Li, pou fè l; pa ajoute nan Li, oswa retire nan Li. Apokalips 22:19, si nou vle make sa. Trè byen. “Kèlkeswa moun ki retire...” M deside. M ap pare pou m kite legliz la, e nou konn sa. E kidonk m deside pou m jis rete ak Levanjil sa a toutotan m ap viv, pa èd Bondye. Huh! Sonje, men gras. Te gen dè milyon ki tap mouri nan peche lè Li te sove m. Kimoun mwen te ye ke L ta dwe sove? Li te gen yon objektif, nan sove m, e m deside reyalize objektif sa a. Sa pa deranje m. Se te ka

fen mwen, petèt, trè byento kounye a. Men, kèlkeswa sa l ye a, m toujou ankre. Pat janm chanje l.

333 Mesye Isler te di m jou sa a, ap monte wout lan, li te di: “Billy, nan tout pwoblèm sa a, èske w te kenbe relijyon w?”

334 M te di: “Non, mesye. Li te kenbe m.” Um-hum. Ankray mwen te kenbe. Se vre. M pat janm kenbe L. Li te kenbe m. M pa ka kenbe L. Pa gen okenn mwayen pou m fè l. Men Li kenbe m. Wi, mesye.

335 Li te gen yon objektif nan sove m. Te gen dè milyon nan peche lè m vin jwenn Li, men Li te sove m. Li te gen yon objektif nan fè sa.

336 Lanmò Kris te yon absoli, nan krentif li. Lanmò Kris te regle kesyon an, lè myèl lanmò sa a te pike L epi te ankre **zegwi** sa a. Nou konnen, yon myèl, yon **ensèk** ki gen yon **zegwi**, si l janm ankre zegwi sa a anndan, ase fon, lè l rale soti, li rale **zegwi** a sot nan li. Lanmò te toujou gen yon **zegwi**. Lanmò toujou gen yon **zegwi**.

337 E yon jou, lè sa a ap monte nan Kalvè, ak frap nan wòch sa yo, San an kap **badijonnen** wòch yo, lè l frape pousyè a sou Kalvè, a pral Golgotha, **bout dèyè** kwa sa

a, tap trennen anprent San ti kò frèl sa a ki prale, ap mache lonje la a. Yomenm kap **kale** epi maspinen Li antan L te monte bit la, men Li te gen yon absoli. Li te konnen kote L te kanpe, paske Pawòl Bondye a te di, atravè David: “M pap kite Sen Pa M lan wè koripsyon, nitou M pap kite nanm Li nan lanfè.”

338 Li te konnen koripsyon enstale, nan swasann douzè. Li te di: “Detwi tanp sa a, epi M ap leve l ankò nan twa jou.” Li te gen yon absoli.

339 Men L ale, anlè bit la, ak pakèt **pase nan tenten**, krache sòlda sou ki mete yon ranyon nan figi L, epi frape L nan tèt, te di: “Ou se yon pwofèt? Di nou kimoun ki frape W.” Men L te la a, ap monte bit lan, nan lawont ak dezonè. Pou se...Retire rad Li sou Li, meprize lawont lan, pandye sou kwa a devan moun yo, toutouni. Ap mouri nan dezonè Women, anba gouvènman, **pèn** kapital, yon Nonm ki pat fè anyen.

340 Yon ti istwa yon fwa, te di, Mari Madlèn te kouri epi te di: “Kisa L fè?? Te geri malad nou, leve mò an, epi te pote delivrans bay sila yo ti ta vle, nan kaptif. Kisa L fè?”



341 Epi yon prèt te frape l nan bouch li, jouk san te koule soti, epi te di: “Èske nou tap koute l oubyen gran prèt nou an?”

342 O, mond denominasyonèl sa a, se yon madichon de tout sa a. Se sa.

343 La a, ya, yo te **pran** L. Men antan L te monte bit la, ap trennen, dyab la te toujou doute de sa, Limenm ki sa L te ye a. Li te di: “Si W se Pitit Bondye a, chanje wòch sa yo an pen. Ou pretann Ou ka fè mirak. Si W se Pitit Bondye a, kòmande wòch sa yo pou yo chanje an pen.”

344 Menm vye dyab sa a viv jodi a. Se vre. “Si w se yon gerisè Diven! Men ansyen Jan *Entèl entèl* chita isi a nan **kwen** an. M konnen l enfim. Geri l.” Èske nou pa konnen se menm vye dyab sa a?

Jezi te di: “M sèlman fè...”

345 Gade, Li t ale nan pisin Bethesda an, kote dè milye lonje la a, bwete, avèg, bwete, epi **depafini**, epi L te al jwenn yon nonm ki te ka mache. Li te ka deplase. Li te ka te gen pwoblèm pwostat. Kèlkeswa sa l te ye a, **li te retade mantal**. Li te genyen l pandan tranntuit an. Li te di:

“Lè m antre nan pisin lan, yon moun mache devan m.” Li te ka mache.

346 Kite tout sa yo ki te lonje la a, epi te al jwenn sila a menm epi te geri l. Poukisa? Li te di L te konnen li te nan kondisyon sa a. Alò yo te di L, te poze L kesyon, lè yo te jwenn Li. Sen Jan 5, Li te di: “An verite, an verite, Mwen di nou, Pitit la pa ka fè anyen nan Limenm, sòf sa Li wè Papa a ap fè.” Men absoli Li. Se toujou absoli a.

347 Antan m kanpe laba a nan Fenlann jou sa a, epi ti gason sa a lonje la a, epi m te vire mache, limenm ki lonje la a, mouri, te mouri pandan on demi èdtan. Nou te li nan liv la. M te kòmanse al fè wout mwen, **Yon Bagay te mete men yo**. M te vire tounen, m te panse: “Kisa sa te ye?” M te gade ankò. M te panse: “Tann on minit.”

348 Te gade dèyè isi a sou **paj kouvèti** Bib la. “E sa va rive, on ti gason apeprè nevan, yon machin t ap touye l. Pral gen yon bann pyebwa ak fèy vèt men longè, wòch lonje anndan la a. Machin lan ap lonje antravè wout la, kraze. L ap gen ti ba sou li, tankou, monte wo; on koup cheve **fòm bwòs**. Ti je l ap vire dèyè. Zo nan kò l ap kase.”

M te gade. M te panse: “O Bondye!”

349 M te di: “Ret trankil, nou tout.” Majistra vil la la a. M te di: “Si ti gason sa a pa sou pye l nan de minit, m se yon fo pwofèt; kondwi, fè m kouri soti Fenlann.” Sètènman. “Men si l fè l, nou dwe Kris lavi nou.” Se vre. Yo te ret trankil.

350 M te di: “Papa ki nan Syèl la, lòtbò lanmè a laba a, sa fè de zan, Ou te di ti gason sa a tap lonje isi a.”

351 Te gen Frè Moore ak Frè Lindsay, yomenm ki tap gade sa. Epi, toupatou, yo te ekri l nan Bib lan. E dè milye Bib atravè peyi a te genyen l ekri. Kisa l te ye? Yon absoli. Papa a te montre kisa k tap rive. Pat gen okenn perèz, ditou, nan kanpe la a. Absoli, sèten, l ap leve.

352 La menm nan Fenlann, kote dè milye moun te vini lannwit, epi menm oblije fè kèk deplase soti epi kite m pale avè yo, fè yo deplase soti epi mete yon lòt moun anndan. Men l te kanpe, ak tout sa. Moun yo te renmen m, e yo te wè gerizon fèt, men men yon ti gason te lonje la a, mouri. Kisa absoli a te ye? Vizyon an. “M fè sa Papa a di fè. Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè yo tou.” Men absoli nou an.

353 M te di: “Lanmò, ou pa ka kenbe l pi lontan. Bondye te pale. Retounen. **Lage l.**” E ti gason an te leve, te vire gade konsa. Moun yo te rive dekonpoze, tout bagay. Men li, ki ekri la a menm, e ke majistra vil la siyen, pa yon **notè larepiblik.** Se vre.

354 Kisa l ye? Yon absoli, Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Si sa pa menm Bondye ki te kanpe fanm Nain lan, **ak moun ki te pote pitit gason l la.** Lè nenpòt moun te mouri nan jou sa yo, yo mete l imedyatman nan tonm lan. Yo pat kite yo lonje. Yo mete yo nan tonm lan. Men menm Jezikri sa a, ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ya.

355 Gade anba la a nan Meksiko, ak ti bebe sa a. Kèk nan nou ki lonje isi a, chita isi a. E bebe sa a, doktè a te siyen yon deklarasyon, li ekri nan Biznis Menn Kretyen an. “Bebe sa a te mouri jou maten sa a a nevè, e se te dizè nwit sa a.”

356 Ti madanm sa a pa tap konsole. Billy kanpe la a, pitit gason m, **ap eseye fè l tounen.** E li te gen, ebyen, m sipoze yo te gen de san **uisye** ki te kanpe la a, epi l tap

grenpe sou yo. Nwit anvan an, nonm avèg sa a te resevwa vizyon I, e li te konn sa. Li te Katolik.

357 Lè, alafen, m te di: “Ale, Frè Moore, epi priye pou li. Paske, bebe sa a...”

358 Lapli tap tonbe, tonbe fò. Yo te kanpe la a depi bonè jou maten sa a, deyò nan gwo arena pou bèt sa a. Epi m te di...Kite m desann sou kòd, pa dèyè, pou m antre nan plas la. Jis la a pandan twa nwit.

359 M te kanpe la a. M te di: “Jan m tap di...” ap preche. Epi m te gade, m te wè on ti bebe deyò isi a devan m, on ti bebe Meksiken, san dan, jis chita la a ap ri m, isi a menm devan m.

360 M te di: “Tann on minit, Frè Moore. Mennen I isi a.”  
O, absoli!

361 Uisye yo te rale kò yo. Men I vini. Li te tonbe atè epi I te di: “Pè, Pè.”

M di: “Kanpe.”

362 Epi Frè Espinoza di: “Kanpe,” epi I te di I an panyòl. Li te kanpe la a.

M di: “Papa ki nan Syèl, m kanpe isi a nan lapli sa a.”

363 Bèl ti madanm lan apeprè venntwa zan, on bagay kon sa, cheve l lage. Ti figi la ap gad anlè kon sa, gade a nan je li, atant. Li te wè nonm sa a ki te avèg nèt pandan apeprè karant an, je l vin louvri sou lestrad la. Li te konnen si Bondye te ka louvri je avèg, Li te ka geri bebe l la. Men l lonje la a, on ti bagay rèd lonje anba yon kouvèti kon sa, epi l ap mouye an tranp. Li te kanpe la a tout maten, epi apremidi sa a, tou. La a, li te apeprè onzè, dizè nwit sa a, on bagay kon sa, ap kenbe bebe sa a. Nou te wè atik la nan Biznis Menn Kretyen. La a, ap kenbe bebe sa a kon sa.

364 M te di: “Papa ki nan Syèl, m pa konn sa sa vle di. M jis sèvitè W. Men m te wè bebe sa a ki kanpe laba a. Li te vivan. M poze men m sou li, nan Non Seyè Jezikri.”

Li te di: “Wen!” epi kòmanse kriye.

365 Manman an te atrap bebe a epi te kòmanse ap rele fò. Epi moun yo te kòmanse ap rele fò deyò la a, epi fanm ap dekonpoze ak bagay. M te di: “Piga nou di anyen sou sa. Voye on kousye ak bebe sa a, ak manman sa a, epi al jwenn doktè sa a, epi kite l siyen on deklarasyon, ke,

‘Bebe sa a te mouri. Li te mouri nemoni, jou maten anvan sa, e, oswa jou maten sa a a nevè.’

366 Epi nou jwenn deklarasyon siyen pa doktè a: “Yo te pwononse bebe an ‘mouri,’” nan biwo doktè a jou maten sa a, e manman te bwote l tout jounen.

367 Kisa l te ye? Yon absoli. Kisa l te ye? Li te kwè, si Bondye te ka louvri je avèg, (kisa?) Bondye te ka leve mò a, paske L se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

368 M pat sèten. M pat konnen jouk m te wè. E lè m te wè bebe an, se te yon absoli, absoliman vre. Men l te la a. Lanmò dwe lage viktim li.

369 Men Fis de Dye t ale la a. Myèl lanmò sa a kòmanse boudonnen nan viwonn Li. “Ah, kijan L te ka yon pwofèt? Kijan L te ka kanpe la a epi kite yo krache nan figi L? Kijan L te ka kanpe la a, kite yo pran plezi sou Li, epi pa fè on bagay sou sa? Se pa Emanyèl. Se jis yon nonm òdinè. Gade bav sou yo sot nan sòlda sou sa yo. Gade figi L k ap senyen.”

370 Dyab la te di: “M ap pran L. M ap pran L.” Men l vini, tankou on myèl, **zegwi** lanmò an, ap boudonnen nan viwonn Li. Men, frè, lè myèl sa a te janm ankre **zegwi** li

nan Emanyèl sa a, lè l soti, li te pèdi zegwi li, menm lanmò limenm.

371 Pa etone Pòl, pita, te ka gade nan figi l, di: “O lanmò, kote zegwi w? Tonm, kote viktwa w? Mèsi Bondye, Ki ban nou laviktwa!” Lanmò Kris te absoli an pou chak nonm ki te pè l.

372 Kè m di “amèn” bay chak Pawòl nan Liv Li. M ap fenmen, se sèten kounye a. M jis dwe koupe sa. Ou wè?

373 Se pou sa m konnen Sentespri an se bousòl mwen ki gide m. Li se Sila a ki fè m konnen Pawòl sa a se vre. Li se absoli mwen. Li se Reyon Solèy mwen. Li se Lavi m. Li se ankray mwen. Lè gen pwoblèm, Li se Zetwal nan nò mwen. Lè m pèdi, Sentespri an se bousòl mwen ki gide m tounen nan plas la.

374 Denominasyon se tankou lòt zetwal, yo chanje ak mond lan. Lòt zetwal chanje antan mond lan chanje, men pa zetwal nan nò a. Mond lan ka chanje kote l vle, men li pa bouje. O, frè, Zetwal nan nò a ankre. Lòt yo deplase, ou ka wè yo *isi a ak la a*, epi tout lòt kote. Se fason sa a ak legliz denominasyonèl yo.



375 Men Kris se absoli an. Li se Sila a ou ka mete konfyans nan Li. Lè denominasyon yo fè tèt nou vire nèt, jis gade Zetwal nan nò a. Sentespri an se bousòl nou. Li toujou rete fidèl ak Pawòl Li.

376 Lè yo te di m ke bagay sa yo pat ka rive nan yon jou modèn kon sa, m te konnen. Si—si gen—si pa gen Bondye, alò viv, manje, bwè, epi pou n kontan. Gen yon Bondye, ann sèvi L. E m te viv pou wè jou ke L te fè tout bagay, menm nan leve mò an, lè Li te isi a sou latè. E nou konnen ke pa dokiman deklarasyon, ke se laverite. Wi, mesye.

377 Li se absoli mwen. Kounye a fè Li se Absoli nou. Pran...Nan tan pwoblèm mwen, Li toujou absoli an. Kounye a gade. Pa gras Bondye...

378 Kounye a pito m jis fenmen. L ap vin ta. Ebyen, gad isi a, m te panse li te onzè, li midi èdmi.

379 Zanmi, tout jounen, tout nwit, tout lane, tout nan Letènite, pat ka janm pale de Li. Pa eseye chache konprann Li. Ou pa kapab. Pa gen okenn fason pou chache konprann Li. Ou di: “Frè Branham, si—si w...”

380 M pa konnen. M jis kwè. M sispann eseye, fè anyen sou Li. M jis kwè L, se tou. Ou wè? “Pa limenm ki kouri, oswa limenm ki vle; se Bondye ki montre mizèrikòd.” Ou wè? Pa pa zèv. Se pa gras. Ou wè? M jis kwè L. Bondye, sa depann de Li pou fè rès la. Jis kwè Li, aji sou Li.

381 Chan selèb sa a, m te tande yo jwe oswa chante l isis a oswa on kote:

O, lanmou Bondye, ala rich ak pi!

Ala ou pa ka mezire epi djanm!

L ap dire pou tout tan,

Chante Sen ak Zanj.

382 Lè on nonm nan matematik, te eseye demontre, oswa te eseye montre pa edikasyon l, l ap rann ou fou. Ou pa ka fè l. Pa eseye fè l. Pa eseye **chache konprann** Li. Bondye depase **chache konprann**. Ou pa **chache konprann** Bondye. Ou jis kwè Bondye. Sa se sek-...Se sekrè a sa. Pa **chache konprann** Li. Jis kwè L. M pa ka di nou kisa L vle di. M pa ka di nou kijan pou fè l. M jis konnen m jis kwè L. Se tou.

383 Jis tankou w pwomèt on timoun piti on bagay, li kwè I. Ou dwe kenbe pawòl ou. Ou se pitit Bondye. Li kenbe Pawòl Li. Jis kwè L senpleman. Piga yo ebranle w. Jis rete la a menm. Bondye te fè I on fwa, Li dwe fè I ankò. Si L pa fè I, L ap di w poukisa Li pa ka fè I. E se vre. Kounye a, jis rete dwat avè L.

384 Nou konnen, sèl vèsè sa a la a...M kwè frè presye nou an la a, te batize yè swa, chante chan sa a: “O, lanmou Bondye.” Yo di m ke vèsè sa a, pati sa a nan li, yo te jwenn li ekri sou mi yon azil moun fou. Lè I te di:

Si nou plen lanmè a ak lank,

Oswa syèl yo te fèt ak papyè pachmen;

Epi chak tij sou latè te on plim,

E chak nonm te gen metye ekriven;

Pou ekri lanmou Bondye anwo a

T ap vide seche lanmè a;

Oswa èske woulo an te ka...kenbe tout nan li,

Menm si I te detire de syèl an syèl.

385 Panse a sa. Lè, apeprè twa ka nan tè a se dlo. E gade idwojèn lan ak oksijèn nan lè a, imidite a ak bagay. Ou wè? Si chak imidite te lank. E panse a milya yo, ak trilyon ak trilyon pay, ki tap plim. Epi panse ak milya lèzòm ki te sou latè, ak chak nan yo gen yon metye ekriven. Pou tranpe plim yo nan lanmè a, epi eseye **chache konprann** lanmou Bondye, tap vide seche lanmè a; oswa èske woulo an tap ka kenbe tout, menm si l te detire de Letènite a Letènite.

386 Pa **chache konprann** Li. Ou pa kapab. Ou pèdi tèt ou, nan esesye **chache konprann** Li. Jis kwè L. Fè L se absoli w. Rete la a, lapè dous lan ak eksperyans ke pap janm bliye. Ankre nan Sa, epi ankray ou ap kenbe anndan vwal la.

Ann koube tèt nou.

“Ala Ou gran! Ala Ou gran!”

387 Konbyen moun anndan isi a, ak tèt nou bese maten an...L ap pwoche Nouvèl An kounye a. E nou te trè relijye, e sa bon. M apresye sa, nou chak. M sèten Bondye apresye l. Men nou vrèman pat gen eksperyans absoli sa a?

388 Bagay sa a ke w jis pat pran pòz kwè, ou jis pat imajine, men On Bagay te tounen pale avè w, epi w te wè lavi w chanje depi tan sa a. Ou wè, chak Pawòl Bondye, chak pwomès, **ponktye** ak yon “amèn,” lè sa a w ap kenbe absoli an. Paske, sonje, Li te di: “Syèl ak latè ap pase, men Pawòl Mwen pap fayi.”

389 Ou potko vin nan plas sa a, nan kote w te ka di “amèn” a chak Pawòl, si L te kont kredo w, Li te kont denominasyon w, men ou vle vin nan plas sa a, tankou Moyiz, tankou rès nan yo? Yo pat ka fè sa jouk yo te kapte absoli sa a. E ou vle l nan lavi w maten an, èske w ta jis vle siyifye menm bagay la pa jis leve men w bay Bondye? Bondye beni w. Trè byen, mesye. Nan tout bildin lan.

390 Papa ak lagras, m konnen ke yon lè nou dwe pati. Dwe ge yon tan ke lè nou pral kite mond sa a. Nou pa konn ki lè sa ye, e sa pa fè twòp diferans. Si tan nou fini, alò nou vle vini. Objektif nou pou ret isi a se pou sèvi W.

391 E depi sou wout destriksyon yo, yon jou, jan Pòl te sou wout pou al Damas, pou fè ravaj nan Legliz la, yon Limyè te avegle l. E, O Bondye, Limyè sa a te swiv li, paske Se te Kris. E li te ankre la a nan on absoli, ke,

menm lanmò limenm, li te ka ri nan figi I, epi di: “Mèsi Bondye Ki ban nou laviktwa nan Jezikri.”

392 Ou vin yon absoli konplè pou apot sa a. Li te... Ou te Amèn la pou li, nan chak fraz. Ou te Zetwal lavi li, poto ki gide a. Ou te bousòl la ki te gide I atravè tanpèt la. Ou te revelasyon an. Ou te vizyon an. Ou te lespwa I yo, sali li. Menm nan lè lanmò a, lè I te konnen li ta pral ladan I, Ou te toujou absoli li.

393 Ou te absoli Danyèl. Ou te absoli tout pwofèt yo. Nan mitan diferans denominasyonèl la, ak pwoblèm nan jou pa yo, ak Farizyen ak Sadiseyen yo, toujou te gen dèzòm ki te pran W pou absoli yo.

394 E jodi a, Seyè, gason ak fanm ak konpasyon, ak lanmou, ak—ak kè k ap senyen, Seyè, pou on vrè eksperyans de konnen Bondye, e pou gen yon—yon—yon asirans de yon absoli. Petèt tout sa moun yo te janm konnen, anvan, Seyè, se te antre jwenn legliz la. E nou reyalize, jan te eseye fè I, nan sensèrite, pa pou m diferan; Ou konn kè m; men di yo ke: “Ou pa ka antre jwenn Legliz la. Ou antre jwenn lòj lan, Metodis la, ak Batis, ak Katolik, ak lòj Pannkotis. Men ou ne nan Legliz

la, Kò mistik Kris la, epi vin manm de Kò Li, ak don Lespri yo, pou fè gran Kò Li aji nan aksyon ak pwisans.”

395 Bondye, se sa men sa yo te vle di maten an, lè yo te leve. “Plase m, O Seyè. Pran m, moule m, fè m. Jis fè pozisyon m nan lavi sitèlman yon absoli, mare ak Kris, ke m pap panse a anyen lòt ke absoli sa a.” Akòde I, Seyè. Beni yo. Geri malad yo ak aflije yo. Sove sa ki pèdi yo.

396 Kounye a, Seyè, nou konnen se koutim lan pou rele moun yo a lotèl, men sa vin yon tradisyon pou nou. E maten an, ak lotèl yo ki plen, epi timoun piti yo—yo ak—k tout, men, Seyè, yon jan Ou te pale avè yo. Yo te leve men yo anlè. Yo te pran—yo te pran, jan I te ye, yon desizyon. Yo vle fè I. Yo—yo—yo vle on bagay reyèl. E m ap ofri priyè m nan non yo. Akòde I bay chak moun, Seyè. Se pou W avè nou kounye a, ap padone peche nou, ap geri maladi nou, epi ap ban nou delivrans ke nou bezwen a.

397 E, Seyè, anlè tout bagay, se pou nou pa janm bliye, jodi a, ke nou mare ak absoli an, Zetwal nan nò nou, ak Kalvè, ak Kris. E Sentespri an ap pran Pawòl Bondye yo epi ap fè Yo manifeste literalman nan nou, pa gerizon

malad yo, montre nou vizyon, leve mò yo, epi fè jis egzakteman sa L te pwomèt pou fè.

398 E se pou legliz sa a, ak moun sa yo, oswa pòsyon Kò Kris la ki asanble isi a maten an, viv tankou Jezi te di pou viv. “Nou se sèl latè a.” E se pou yo vin sitèlman sale jouk kominote yo ap vin swaf. Sèl kreye yon swaf. E sèl ka sèlman sove **antan l antre an kontak**. E m priye, Bondye, ke W va akòde sa bay moun yo, ke yo te ka vin dè moun kap genyen nanm, tou.

399 Beni pastè nou, Frè Neville, sèvitè enb sa a, Seyè. Ki kanpe nan pòs **travay** li, jis ak otan respè, tankou yon manm Kò Kris la, ap eseye tout sa l kapab pou swiv tout bagay ke W te di l fè.

400 Beni administratè yo, mesye sa yo ki te kanpe avè m ak tèlman gras nan gran tan fènwa sa a ke m te ladann.

401 Kanpe ak Legliz ki te priye avè m lan epi te kanpe bò kote m nan tan pwoblèm. Seyè, m renmen yo. E m ofri priyè m, ke yo va **gade sou Ou** Seyè. Se pou yo detounen gade yo **sou ajil mòtèl yon sèvitè sa a**. Se pou yo gade Sila a Ki Omnipotan an, Ki se. E nou konnen, Seyè, ke nou limite. Sa pa enpòtan kimoun nou ye, nou toujou



mòtèl. Men, pa mesaje an, men Mesaj la. Akòde I, Seyè.  
**Se kote nou dirije a, nan Jezikri Pitit Bondye a.** Akòde ke  
L ap sitèlman reyèl pou chak moun isi a jodi a, menm pou  
timoun piti yo, ke L ap vin absoli a pou asanble a an antye.  
Nou mande nan Non Jezi. Amèn.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

402 Kounye a, pandan nou chante I ankò, bay on moun  
devan w, dèyè w, sou kote w lanmen, jis tout moun bay  
lanmen kounye a. Jis ret chita. Jis vire tounen epi bay  
lanmen, si nou kapab. Ou wè?

Mwen... [Frè Branham bay lanmen antan  
asanble an chante *Mwen Renmen Li*—Editè  
a.]...?...

...-chte mwen...?...

Yo jis anonse: “Kominyon, lendi swa, a minwi.”

403 Ann leve men nou kounye a epi chante ba Li. Konbyen moun, konbyen moun ki santi (nou) Li se absoli nou? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Pawòl la, Li se Pawòl la. Èske nou kwè sa? [“Amèn.”] Li se Pawòl la. E Sentespri a te jème Pawòl sa a, pou fè Limyè sa viv nan nou, de Pawòl la, konfimasyon Pawòl la. Mete Pawòl la nan kè nou. Kite Sentespri an antre, epi gade Pawòl la **k ap bouje**. Kwè. Se pou nou enb. Pa dezire pou nou yon gwo moun. Se pou nou **on pa anyen**, konsa Bondye ka fè nou on moun. Ou wè? Trè byen. Fè sa kounye a.

404 Tout moun renmen Li? Di: “Amèn.” [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Nou konnen sa mo *amen* la vle di? **“Ensi swatil.”** Amèn. Se vre.

405 Ann di: “Alelouya!” [Asanble di: “Alelouya!”—Editè a.] Nou konn sa sa vle di? “Louwe Bondye nou an.”

406 Lè m te an Almay sa pa fè lontan, m te kanpe devan, apeprè, trant oswa karant mil moun deyò la a jou sa a, epi m te di: “Se yon bagay etranj ke noumenm moun Alman yo pa ka konprann.” M te di: “Sou wout mwen pou desann isi a jodi a, yon chen te jape m an Anglè. Se vre.” M te di: “Li pat gen pwoblèm ditou. E men on zwazo te

kanpe, epi l te chante pou mwen an Anglè. M desann lari an, epi yon manman te gen yon ti bebe nan bra l, lè m antre tounen la a dèyè a, epi,” m te di: “bebe sa a t ap kriye an Anglè. Ki pwoblèm ki gen ak moun nou yo?” Se vre. O, si nou jis vire gade, Li toupatou. Se pa vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Sèten, Li toupatou.

407 Kounye a ann jis leve men nou epi fenmen je nou, epi chante, pandan nou mande pastè a pou l monte pou voye ale.

Ann kanpe, an premye. Tout moun sou pwòp pye nou, tout moun.

408 Èske nou renmen Li? Ankò kounye a di: “Amèn.” [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

409 E nou konnen, mo *alelouya* a se menm lan nan chak dyalèk. Ale nan jeng Hottentot an Afrik yo, *alelouya* se menm mo a. *Alelouya*, li ta dwe prèske yon salitasyon Kretyen. Se pa vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] *Alelouya*, mo an vle di “louwe Bondye nou an.” E Li diy de sa. Se pa vre? [“Amèn.”] Li se Sovè m absoliman. Li se Jezikri absoliman, Pitit Bondye a, pou mwen. Li se

absoliman “menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” pou mwen. Èske Li fason sa pou nou? [“Amèn.”]

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te achte mwen...